ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№100 (21.008) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

"Кабардино-Балкарская правда" газетым, налогхэм, автомобиль гъуэгухэм ятеухуауэ...

КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъуэ щэщІым нэблагъэм щыхэплъащ. Ар иригъэкІуэкІащ Парламентым и унафэщІым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ. Депутатхэм я гъусэу а зэІущІэм щылэжьащ республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Парламентым щыІэ Къуэшрокъуэ Залым. Правительствэ сыхьэтым хыхьэу «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьыгъэр зыхуэдэмрэ абы и къэкІуэнумрэ» теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ а газетым и редактор нэхъыщхьэ Жэмыхъуэ Суфян.

Ахъшэджэгу бизнесым техьэ налогыр къазэрыІэрымыхьэжынум къыхэкІыу яфІэкІуэдыну хэхъуэр компенсацэ къыхуащІыным и Іуэхукlэ КъБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщІ **Грызлов Б. В.,** Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ **Фрадков М. Е.** сымэ Зэрызахуигъазэм теухуауэ къэпсэлъащ Налогхэмкlэ , бюджетымкlэ, финансхэмкlэ комитетым и унафэщl **Ахъуэхъу Къанщобий** . Абы депутатхэм ягу къигъэкlыжащ федеральнэ законым ипкъ иткlэ ахъшэ джэгупlэ псори, къэралым и щlыпlэ хэхауэ плlым фlэкlа къэмынэу, адрейхэм 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 1 пщlондэ щызэхуащlыжын зэрыхуейр. КъБР-м и Парламентым а lуэхум ехьэлlауэ къищта законым ипкъ иткlэ, цlыхухэр зытхьэкъу джэгупlэхэр къызэгъэпэщын икlи егъэкlуэкlын я лъэныкъуэкlэ лэжьыгъэ гуэри мы гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 1-м щыщlэдзауэ республикэм зэрыщрамыгъэкlуэкlыжынур, букмекер конторэхэмрэ тотализаторхэмрэ къищынэмыщlа.

Абы щыгъуэми ахъшэджэгу бизнесым техьэ налогыр щlыналъэ налог лlэужьыгъуэхэм ящыщ зыщ, Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхъуэм и къыхэкlыпlэщ. Федеральнэ законым къару игъуэтыным хуишэнущ а налог лlэужьыгъуэм къарит хэхъуэр илъэс къэс къаlэрымыхьэж хъуным. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыlэрыхьэнукъым сом мелуани 110-м нэблагъэ. Абы къыхэкlыу КъБР-м и Парламентым Къэрал Думэм лъэlукlэ зыхуегъазэ къаlэрымыхьэжыну хэхъуэхэр компенсацэ иращlын щхьэкlэ организацэхэм я хэхъуэ къабзэм техьэ налогым къыхэкl отчисленэхэр процент 18,5-м нэсу нэхъыбэ щlын щхьэкlэ щыlэ lэмалым хэплъэну. Апхуэдэ отчисленэхэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм макlуэ.

А lуэхум зэреплъ щlыкlэхэр зэхуаlуэта нэужь (абы хэтахэщ **Сэхъу Владимир, Атэлыкъ Анатолэ, Мэремыкъуэ Сэфарбий, Махуэ Владимир, lэпщэ Заур,** вице-спикерхэу **Берд Хьэзрэталий, Федченкэ Людмилэ**) унафэ къащтащ Зэрызахуигъазэм теухуа lуэхур 2007 гъэм и гъатхэ сессием зыщыхэплъэнухэм хагъэхьэну.

Ахъуэхъу Къанщобий къыхилъхьащ нэгъуэщl зы Зэрызахуигъази. Ар зытеухуар Урысей Федерацэм и субъектхэм я административнэ центру щыт муниципальнэ щlыналъэхэм финанс дэlэпыкъуныгъэ етынырщ псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгухэр ухуэным, ахэр зехьэным трагъэкlуэдэн щхьэкlэ. Абы жиlащ субъектхэм я административнэ центрхэм автомобилхэр зэрыщыщынэхъыбэр, щlыналъэм ис цlыхухэм я нэхъыбапlэри абыхэм зэрыщыпсэур. «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и жэрдэмкlэ, Федеральнэ законым хагъэхьащ субъектхэм я административнэ центрхэу цlыху зы мелуаным щlигъу щыпсэухэм субсидие щlыкlэу сом зы мелард хухахыну. Ауэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я адрей административнэ центрхэм я автомобиль гъуэгу псоми къагъэсэбэпхэм я щытыкlэри икъукlэ зэкlэлъымыкlуэу къалъытэ.

КъБР-м и Парламентым и лъэlур зыхуэгъэзар субсидие щlыкlэу сом мелуан 500 УФ-м и субъектхэм я административнэ центру щытхэм яхухэхынырщ.

А lуэхури хагъэхьащ гъатхэ сессием и лэжьыгъэ планым икlи депутатхэм хуагъэхьащ.

Депутатхэр хэплъащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщl субъектхэм я парламентархэм законхэр къэщтэн и лъэныкъуэкlэ я жэрдэм 20-м щlигъум икlи абыхэмкlэ къащтащ зыхуэфащэ унафэхэр.

Регламентымкlэ комитетым и унафэщl **Махуэ Владимир** жиlахэм едаlуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящlащ КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъыр мыбыхэм иратыну: Щlэныгъэхэмкlэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр Щlэныгъэ центрым и унафэщl **Иуан Петр,** «Бэрбэч Хь. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал lуэхущlапlэм и кафедрэм и унафэщl **Хъуэкlуэн Хьэзрэталий,** щlэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал lуэхущlапlэм - «Ухуакlуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр лицейм и къудамэу Шэджэм къалэм дэтым и унафэщl **Шам Заурбэч.**

Правительствэ сыхьэтым хыхьэу Президиумым хэтхэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Жэмыхъуэ Суфян.** Абы депутатхэм яхуиlуэтащ редакцэм щылажьэ гупым ирагъэкlуэкl лэжьыгъэр зыхуэдэр. Редактор нэхъыщхьэм къызэрилъытэмкlэ, газетым и лэжьыгъэр нэхъ езыгъэфlакlуэ икlи жылагъуэмрэ властымрэ зэпызыщlэ рубрикэщlэхэр къагъэсэбэп хъуащ. Власть органхэм я лэжьыгъэр къэгъэлъэгъуэным гулъытэ нэхъыщхьэ зэрыхуащlыр къыхигъэщри, Жэмыхъуэ Суфян Парламентым и депутатхэм фlыщlэ яхуищlащ щlэгъэкъуэн къазэрыхуэхъум, къапщтэмэ, къыдагъэкlын хуей газет номер лейхэм трагъэкlуэдэн ахъшэ къызэрыхуагъуэтым папщlэ.

Президиумым хэтхэм я къэпсэлъэныгъэхэм къыщагъэлъэгъуащ газетым и редакцэм и лэжьыгъэм фlы и лъэныкъуэкlэ зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр зэрыщыlэр. Дагъуэ зыбжани ящlащ власть органхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэлъагъуэмкlэ. Гупым и лэжьыгъэм ехьэлlауи чэнджэщ зыбжанэ иратащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-lуэхущlапlэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэ Козак Дмитрий Черкесск къалэм щригъэкІуэкІащ Урысейм и Ипщэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я Советымрэ экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ «Кавказ Ищхъэрэ» Ассоциацэм и Советымрэ я зэІущІэ зэхэт.

АБЫ ЩЫЗЭХАЛЪХЬЭЖАЩ 2006 гъэм ЮФО-м хыхьэхэм социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ я Іуэхухэр зыхуэдар икІи дяпэкІэ къапэщыт къалэнхэр щаубзыхуащ. Апхуэдэу зэхыхьэм щыхэплъащ Ипщэ Федеральнэ округым и щІыналъэхэр мафІэсым зэрыщахъумэ щІыкІэр гъэлъэщыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм.

Ди республикэм къыбгъэдэкІыу абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Бечелов Ильяс,** Правительствэм и УнафэщІ **Ярин Андрей,** Профсоюзхэм я федерацэм и Тхьэмадэ **Тау Пщыкъан** сымэ.

Спортым и мыхьэнэр къалъытэу

АДЫГЕЙ. *Тохъутэмыкъуей районым хыхьэ Старэ Бжьахъуэкъуей жылагъуэм иджыблагъэ къыщызэІуахащ спорт комплексыщІэ. Абы кърихьэлІащ Адыгейм и президент ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий, щІыпІэ правительствэм хэтхэмрэ депутатхэмрэ, Краснодар край администрацэм и лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Іуэхущlапlэм къызэритамкlэ, спорт комплексым текlуэда мылъкур Швецием и «ИКЕА» фирмэм къыбгъэдэкlащ. А фирмэм Тохъутэмыкъуей районым сату-нэгузегъэужьыпlэ центр щеухуэ.

Спорт комплексым метр зэбгъузэнатlэ 800 иубыдащ. Абы зыщыхуэбгъасэ хъунущ спорт лlэужьыгъуэ куэдым, узыхуеину lэмэпсымэхэмкlи ирикъуу къызэгъэпэщащ.

ЗэlущlЭм къыщыпсэлъа ТхьэкlушынЭ Аслъэнджэрий къуажэдэсхэм гуапэу ехъуэхъуу къыхигъэщащ: "Си гугъэмкlэ, иджы ди сабийхэм я зэманыр сэбэп хэлъу щагъэкlуэн щlыпlэ ягъуэтащ. Мыпхуэдэ ухуэныгъэхэр дэтхэнэ зы къуажэми дэщlыхьыпхъэщ. Сэ сыкъапщтэмэ, спортыр икъукlэ сэбэп къысхуэхъуащ".

Апхуэдэу ТхьэкlушынЭм жиlащ Президент фондым къыхэкlыу Старэ Бжьахъуэкъуей жылагъуэм сом мин 300 зэрыритыр.

ЗэгухьэныгъэщІэ

АБХЪАЗ. *Иджыблагъэ Сыхъум къыщызэрагъэпэщащ куржы-абхъаз зауэм хэтахэм я «Аруаа» (ЗауэлІхэр) жылагъуэ зэгухьэныгъэщІэ.*

Къалэныщlэхэр щаубзыху

● ЗэІущІэхэр

ЗэІущІэм Іэ щытрадзащ 2007-2009 гъэхэм «Кавказ Ищхъэрэ» Ассоциацэр, Ипщэ федеральнэ щІыналъэм и «Кавказ» профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэхэм я Ассоциацэр, ЮФО-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІхэмрэ я Зэзыгъэуlу Советыр зэрызэдэлэжьэнум теухуа ЗэгурыІуэныгъэм.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

Абы и тхьэмадэу хахащ генерал-лейтенант Аршбэ Владимир.

АР КЪЫЩЫПСАЛЪЭМ жиlащ, куржы-абхъаз зауэм хэтахэм я лlыгъэкlэ Хэкум хуитыныгъэ къызэрыхуахьар икlи я лэжьыгъэм щынэхъыщхьэу щытынур щlыналъэм мамырыгъэр щызэтеlыгъэнырщ, щlэблэр хэкупсэу къэгъэтэджынырщ. Апхуэдэуи мурад яlэщ зауэм хэтахэм, някъуэдыкъуэ хъуахэм медицинэ, социальнэ я лъэныкъуэкlэ ядэlэпыкъуну, мылъкукlэ зыщlагъэкъуэну. «Аруаа»-р политикэм зэрыхэмыхьэнури къыхагъэщащ.

ЗэрыцІыхуахэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президент Батдыев Мустэфа иджыблагъэ иригъэблэгъащ 34-нэ къурш мотострелковэ бригадэм и командир Шемайтис Артур.*

МОТОСТРЕЛКОВЭ бригадэм и хэщlапlэр здэщыlэр Зеленчук районым хыхьэ Сторожевой станицэрщ. Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкlэ и министрым и унафэкlэ абы и командиру Шемайтис Артур иджыблагъэ ягъэуващ. Батдыевым абы зэрыжриlамкlэ, гупым хагъэхьэнущ зэгурыlуэныгъэ зращlылlа зауэлlхэр икlи ахэр я къулыкъум щыпэрыхьэнур 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 1-рщ.

Республикэм и президентым и пресс-lуэхущlапlэм къызэритамкlэ, Батдыев Мустэфа хьэщlэр къигъэгугъащ мотострелковэ бригадэм и унафэщlхэм сыт и лъэныкъуэкlи защlигъэкъуэну.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, махуэ зыбжанэ ипэкlэ Къэрэшей-Шэрджэсым щыlащ УФ-м зыхъумэ жыныгъэмкlэ и министр Сердюков Анатолий икlи зригъэцlыхуащ 34-нэ къурш мотострелковэ бригадэм и хэщlапlэр, илъэгъуахэмкlи арэзыуэ кlуэжащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъБР-м Москва щегъэлъагъуэ

хьэрычэт мыиным и зэфlэкlхэр

Мы махуэхэм Урысейпсо выставкэ центру Москва щыlэм щокlуэкl «Хьэрычэт lуэху мыинымрэ хьэрычэт lуэху курытымрэ я махуэхэр».

АБЫ ИРИХЬЭЛlЭУ къызэlуаха жармыкlэ-гъэлъэгъуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хэтщ.

Урысейпсо выставкэ центрым КъБР-м щигъэхьэзыра стендым щагъэлъагъуэ республикэм ерыскъы промышленностымкlэ и предприятэу 30-м я продукцэр, апхуэдэу турист-рекреацэ lэнатlэм щыlэ зэфlэкlхэр. Абыхэм къадэкlуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым утыкум кърилъхьащ ди щlыналъэм щагъэзэщlэну инвестицэ проектхэр, хьэрычэт lуэху мыиныр дэlыгъыным хуэунэтlауэ къагъэсэбэп lэмалхэр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкlэ и министрым и къуэдзэ Кlэрэф Мурат зэрыжиlамкlэ, мы lуэхум республикэр иджы етlуанэу хэтщ икlи, сыт щыгъуи хуэдэу, иджыри цlыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и стендыр яфlэгъэщlэгъуэну къаплъыхь.

Мы гъэлъэгъуэныгъэм Урысейм и щlыналъэхэм lэмал къарет езыхэм ягъэхьэзыр хьэпшып нэхъыфlхэр, инвестицэ проектхэр, lуэхутхьэбзэхэр утыку къралъхьэнымкlэ. Ахэр хьэрычэт lуэхум зегъэужьыным хуэунэтlауэ зэфlагъэкlхэмкlэ зохъуажэ, лэжьыгъэкlэ зызэпащlэ, дэтхэнэми и продукцэр нэгъуэщl щlыналъэхэм, хамэ къэралхэм я рынокхэм щыпхигъэкlынымкlэ зыр адрейм доlэпыкъу.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-lуэхущlапlэ.

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭ

Илъэс 84-м иту

Дунейм ехыжащ Леонтьевэ Валентинэ. А цlыхубзым и гуащlэ ин хэлъщ СССР-м и телевиденэм и зыужьыныгъэм.

Къэрал псор еплъырт абы иригъэкlуэкl «Гум къыбгъэдэкlыу» нэтын зихуэдэ щымыlэм, сабийхэр пэплъэрт и таурыхъхэм. Леонтьевэм и фlыгъэкlэ пщlэрэ щlыхьрэ ягъуэтыжащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ къахэжаныкlа цlыхуищэхэм, уеблэмэ, минхэм.

Иужь илъэсхэм Леонтьевэр щыпсэуащ Ульяновск областым и къуажэхэм ящыщ зым. Мылъкукlэ хуэщlатэкъым, арщхьэкlэ зэи тхьэусыхакъым. Ар дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс 84-м иту.

КхъухьлъатэщІэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Иванов Сергей «Сухой» авиаконцерным и штаб-фэтэрым щыІащ.

Абы щыгъуазэ зыхуищlащ цlыхухэр къезышэкlыну кхъухьлъатэщlэр щагъэхьэзыра lуэхущlапlэм и лэжьэкlэм . Мыгувэу апхуэдэ кхъухьлъатэхэр куэду къыщlагъэкlыу щlадзэнущ.

Къару игъуэтащ

Къэзахъстаным и президент Назарбаев Нурсултан Іэ тридзащ къэралым и конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьэ хабзэм.

Абы ипкъ иткlэ, езыр 2012 гъэ пщlондэ Къэзахъстаным и президенту лэжьэну хуитщ. Арщхьэкlэ абы иужькlэ президент хъунухэр зэрыхахынур илъэс тхурытху хъу пlалъитl къудейкlэщ.

Буш и щІапІэм

США-м щытепсэлъыхьащ Европэм и щІыпІэ зыбжанэм ПРО американ ІэмэпсымэхэрщыхэгуэшэнымтеухуаІуэхум.

Зэlущlэр щекlуэкlар США-м и президент Буш Джордж и щlапlэрщ. Фигу къэдгъэкlыжынщи, езы Европэм щыщ къэралхэм щыпсэу куэдым ядэркъым апхуэдэ lэмэпсымэ шынагъуэхэр я щlыналъэхэм щыхагуашэу.

Урысей ІуэхущІапІэм и гъунэгъуу

Ливаным и къалащхьэ Бейрут щыlэ урысей щэнхабзэ центрым и гъунэгъуу лагъым къыщагъэуащ.

Я насыпти, цlыху хэкlуэдакъым. Щlэпхъаджагъэр къэралым и муслъымэнхэм я шиит зэгухьэныгъэм щыщхэм ялэжьауэ къалъытэ. Зауэм хуэкlуэпэнкlэ шынагъуэщ Ливаным мы махуэхэм щекlуэкl зэхэуэр.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ Эритрее къэралыгъуэм и лъэпкъ гуфlэгъуэщ - щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1993).

◆ Илъэси 110-рэ и пэкlэ (1897) Петербург ухуэн щыщlадзащ «Аврора» крейсер цlэрыlуэр.

◆ «Къэрал нэхъ зызыужьахэу 8-м» къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ я министрхэр, юстицэмкlэ я министрхэр, я прокурор нэхъыщхьэхэр Мюнхен (Германие) щызэlуощlэ.

◆ Накъыгъэм и 23 - 24-хэм Москва щекlуэкlынущ Медицинэ щlэныгъэхэмкlэ урысей академием и зэхуэс.

◆ Гъатхэпэм и 23 - 24-хэм Ярославль щекlуэкlынущ «Хьэщlэкlэ фlы Ярославль» выставкэ-жармыкlэр.

◆ Илъэс 300 и пэкlэ къалъхуащ дуней псом цlэрыlуэ щыхъуа швед еджагъэшхуэ Линней Карл (1707 - 1778).

◆ Совет театр режиссер икlи педагог, СССР-м и цlыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь (1983) Товстоногов Георгий и фэеплъ махуэщ (1913 - 1989).

◆ **Дыгъэр къыщlэкlащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 33-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 36-м.**

◆ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 5-рэ.**

Пlланэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● ПэкІу

Гукъеуэ зиІэхэр зэхуэсат

Дыгъуасэ Абхъазым и утым деж щызэхуэсащ 1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Чернобыль атом станцым къыщыхъуа насыпыншагъэм и Іэужьыр гъэкІуэдыным Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэтахэр.

ЗЭІУЩІЭР къызэрагъэпэщащ Чернобыль къыщыхъуа аварием хэтахэмрэ дзэ къулыкъум пэрыт сэлэтхэм я анэхэм я зэгухьэныгъэхэмрэ я жэрдэмкІэ. Зэхыхьэм кърихьэлІащ а Зэгухьэныгъэхэм я къудамэу республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щызэхэтхэм къабгъэдэкІа лІыкІуэхэр. Ростов щІыналъэм хыхьэ Волгодонск къалэм дэт АЭС-м иджыблагъэ теІукІа хъыбарыр, пцІы пэтми, щхьэусыгъуэ хуэхъуащ гуауэ зи нэгу щІэкІа цІыхухэр зэхуэсу, нобэ ахэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр утыку кърахьэным.

Налшык къалэм и закъуэ нобэ щопсэу Чернобыль и къэ хъукъащІэ шынагъуэм хэтауэ цІыху 40-м нэс. Къалащхьэми куейхэми къикІахэм я тхьэусыхафэ хэр зэтохуэ: мазищ пІалъэм къриубыдэу мыхэр псэупІэ унэкІэ къызэгъэпэщын хуейуэ Урысей Правительствэм ищІа унафэр иджыри къыздэсым ягъэзэщІакъым. Зы илъэсым хуэзэу республикэм абыхэм папщІэ щатар зэрыхъур унитІ къудейщ. Ар икъукІэ мащІэщ аварием къыхаха узыфэ шынагъуэ зыпкърытхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмкІэ. Куэд илъэс 20-м нэсауэ абы поплъэ. Ещхьыркъабзэу, псэупІэ-коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ хуагъэувауэ щыта льготэхэм мыбыхэм я фейдэ лъэпкъ зыхэмылъ зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтащ. Къэралым къарит ахъшэ мащІэр инфляцэм ехьыж. Тэрч куейм къикІа Шэрэдж Нинэ и щхьэгъусэр 1991 гъэм дунейм ехыжащ. Абы лъандэрэ фэтэр 12 хуэдиз яхъуэжащ, унэ чэзур ноби къалъысакъым. Езыри и бынхэри сымаджэщ. АбыхэмкъадэІэпыкъунырзи къалэн ІуэхущІапІэхэм сыт хуэдизрэ захуимыгъэзами, зыри къикІакъым. Чернобыль аварием хэтахэм узыншагъэм щыкІэлъыплъ поликлиникэ щхьэхуэхэм къыхуащІ гулъытэмкІи арэзыкъым: щІэхщІэхыурэ зи узыншагъэм кІэлъыплъын хуейхэр зэман кІыхькІэ дохутырхэм я бжэм Іутщ.

Зэхуэсыр къызэзыгъэпэщахэми абы кърихьэлІахэми къагъэуващ илъэс куэд лъандэрэ зыгъэпІейтей мы Іуэхугъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Правительствэр хэплъэу унафэ пыухыкІа трищІыхьыну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Ухуэныгъэ

Я къарум къегъэгугъэ

ЗэрытщІэщи, 2002 гъэм хьэзыр ящІри яутІыпщауэ щытащ киловатт мелуан 222-рэ зи лъэщагъ Аушыджэр ГЭС-р. Абы лъандэрэ блэкІа илъэси 4-м а станцым къилэжьащ киловатт-сыхьэту зы мелардым нэблагъэ.

«ШЭРЭДЖ Ищхъэрэ ГЭС-хэм я каскад» ОАО-м и унафэщІым капитальнэ ухуэныгъэмкІэ и къуэдзэ **КІэрэф Вячеслав** зэрыжиІамкІэ, етІуанэ чэзур - Къэщкъэтау ГЭС-р - хьэзыр хъумэ, республикэм и экономикэм зезыгъэужь хэкІыпІэ лъэщ хъунущ.

Мы гъэм абы хуаутІыпщащ сом меларди 2. Зы мелардрэ мелуан 243-р ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэм, сом мелуан 500-р Іэмэпсымэ лъэщхэр къэщэхуным, мелуан 200-р проект-къэлъыхъуэныгъэ Іуэхухэм хуозэ.

А ахъшэм щыщу сом мелуан 588-р станцыр зи унафэм щІэт «Гидро ОГК» ОАО-м и мылъкущ. Абы къыдэкІуэу, езыми, итыжыфыну къигъэгугъэу, кредиту къищтащ сом зы мелардрэ мелуани 140-рэ. Апхуэдэ мылъку къызэгъэпэщыкІэм и фІыгъэкІэ цІыху 1000-м щІигъум я лэжьыгъэр зэблэу имыІэу шэщІауэ йокІуэкІ.

КІэрэф Вячеслав къызэригъэлъэгъуамкІэ, Къэщкъэтау ГЭС-м ухуэным къаруушхуэ ирахьэлІэ «Къэббалкъгидрострой» ПМК-м, «Цветметхолдинг» ОАО-м, Тырныауз щыІэ «Шахтэухуэ» ГУП-м я унафэщІхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

"Адыгэ псалъэр" ныфхуахьыну фыкъеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт ІуэхущІапІэхэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ зэрыщекІуэкІыр фигу къыдогъэкІыж.

Апхуэдэу гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуами. Япэ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм газетыр зи уасэр сом 317-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Фэеплъ зэхыхьэхэр

ЩремыІэ зауэ, залымыгъэ

Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлІэу ди республикэм зэІущІэ, пэкІу куэд щекІуэкІащ. Абыхэм иджыри зэ ягу къыщагъэкІыжащ Урыс-Кавказ зауэм ди лъэпкъым къыхуихьа насыпыншагъэ иныр. Апхуэдэ зэІущІэ иджыблагъэ щекІуэкІащ КъБКъУ-м и педколледжым.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и егъэджакІуэхэр, абы къепха колледжхэм я унафэщІхэр, студентхэр къызрихьэлІа зэхуэсым кърагъэблэгъащ тхыдэтх цІэрыІуэхэр, лъэпкъ щІэныгъэлІхэр, хамэ къэрал къикІыжу Хэкужьым къэзыгъэзэжахэр. УФ-м щІыхь зиІэ и артист Мысостышхуэ Пщызэбий зэІущІэр къыщызэІуахым зыхэщІэгъуэу къеджащ лъэпкъым и махуэ уейхэр къызыхэщыж «Истамбылак Іуэм» щыщ пычыгъуэхэм. Артистышхуэм и гум къиІукІыу жиІэ дэтхэнэ зы псалъэри зэхыхьэм кърихьэлІа дэтхэнэми и псэм лъэІэсырт. «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей, хамэщІ къикІыжу и адэжь щІыналъэм къэзыгъэзэжауэ илъэс зыбжанэ лъандэрэ мыбы щыпсэу ІутІыж Мэжид и унагъуэр и гъусэу къэкІуащ фэеплъ зэІущІэм. Мэжид тепсэлъыхьащтенджыз адрыщІымкІэ щыпсэу адыгэхэм я гум щыщІэ гурыгъу-гурыщІэхэм, абыхэм ящыщ дэтхэнэри, и пкъыр абы щыІэми, псэкІэ, и гупсысэкІэ Къэбэрдейм пыщІауэ я гъащІэр зэрахьым.

Нэхъыжьхэми зи щІалэгъуэхэми я нэгухэм къищыр зыт: «ЩремыІэ зауэ, залымыгъэ. Лъэпкъхэр зэгурыІуэу ирепсэу».

Зэхуэсым и пэ къихуэ лэжьыгъэшхуэ щызэфІахащ педколледжым. Абыи университетым къепхауэ курыт щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ щызрагъэгъуэт адрей колледжхэми лицейхэми фэеплъ махуэм и темэр къызыхэщыж зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр щекІуэкІащ. Студентхэр зэпеуащ сочиненэхэр тхынымкІэ, усэ къеджэнымкІэ, накъыгъэм и 21-м теухуа ІэрыщІ хьэпшыпхэр щІынымкІэ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм щытекІуа еджакІуэхэр щагъэпэжащ зэхуэсым. Абыхэм иратащ КъБКъУ-м къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр, тхылъ хьэлэмэтхэр, нэгъуэщІ тыгъэ щхьэхуэхэр. Псалъэм папщІэ, зауэшхуэмрэ абы и Іэужь бзаджэхэмрэ къызыхэщыж сочиненэ нэхъыфІ дыдэхэм хабжащ колледжым и студентхэу Жыласэ Заремэрэ Ахъмэт Рустамрэ ятхахэр.

Педколледжым и пэшышхуэм и утыкум щыІуащ илъэсищэ зауэжьым и лъэхъэнэм теухуауэ яуса уэрэдыжьхэр, усэхэр, щагъэлъэгъуащ теплъэгъуэ щхьэхуэхэр.

Фэеплъ зэІущІэр ягъэхьэзыращ икІи ирагъэкІуэкІащ педколледжым и егъэджакІуэ ІэкІуэлъакІуэхэу Лъостэн Марьянэрэ Мыкъуэжь Людмилэрэ. Лъэпкъым и блэкІар псэкІэ зыхэзыщІэ, щІэблэр фІым, дахагъэм щІэпІыкІыным зезыгъэлІалІэ апхуэдэ лэжьакІуэ гумызагъэхэр щапхъэ зыхуэхъу студентхэм цІыху пэж къазэрищІыкІынум шэч хэлъкъым.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Щапхъэ

Мазэ къэс сом мелуанитІ и уасэ

Бахъсэн дэт «Автозапчасть» заводым къыщІигъэкІ глушителхэм щІэупщІэ щиІэщ автомашинэхэр зэпкърызылъхьэхэм я деж. Продукцэр пхыбгъэкІынри тыншкъым, хьэрхуэрэгъухэр куэдщи. Ауэ бахъсэндэсхэм я ІэдакъэщІэкІхэр къызэтеувыІэ имыІэу яІэрегъэхьэ «Урыс машинэхэр» фирмэм.

2007 гъэм ІуэхущІапІэм игъэхьэзыр и глушителхэр хуиутІыпщыну зэгурыІуэныгъэ ирищІылІащ Новгород Ищхъэрэм дэт «Урыс машинэхэр» фирмэм. «Автозапчастым» абы мазэ къэс хурегъашэ сом мелуани 2 и уасэ продукцэ. Лэжьыгъэр къызэрызэтемыувыІэным гульытэ хэха хуащІ заводым и унафэщІхэм, сыту жыпІэмэ, Іуэхур зэблэууэ щытмэ, я пІэм къиувэнухэр мащІэкъым. Продукцэ хьэзырыр хъумапІэм нэса иужь, ар екІуу зэкІуэцІалъхьэри, дэтхэнэми «Автозапчасть» маркэр трагъэуэж. Продукцэр яутІыпщыным хуэзыгъэхьэзыр хъумапІэм и унафэщІ Балъкъыз Риммэ зи пашэ лэжьакІуэхэр хьэлэлу пэрытщ я ІэнатІэм. Іэ псынщІэщ зыхужаІэхэм ящыщщ глушителхэр зэкІуэцІызылъхьэхэу Щауэ ФатІимэрэ Мокшинэ Еленэрэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

Сабийхэм зэгъэгъэпсэхуныр я узыншагъэр еГъэфIэкIуэныр 2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кIыщIэзэгъэпэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ я

Унафэ

2007 гъэм сабийхэм загъэпсэхуныр, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэныр зэщIэгъэуIуэу ирагъэкIуэкIын икIи абыхэм лэжьапIэхэр къахуэлIухын мурадкlэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ **унафэ ящI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и министерствэхэм, ведомствохэм, Iэнатlэ щхьэхуэхэм я профсоюз комитетхэм къалэн ящIыщIын, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын, республикэм и щIалэгъуалэ, сабийр, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм ящIыгъуу:

сабийуэ 5000 нэхъри мынэхъ мащIэм зыщагъэпсэхун, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн, зэманыр щагъэкIуэн екIуэлаIуэ, лжьапIэ 2007 гъэм къэзыгъэгъэпэщыну;

сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ организацэ (Iуэхущ1апIэ) псоми ябгъэдэль мылькымрэ зрыхъчеськэ зэфIэкIымрэ кьапщытэжыныр 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м нэсыху зэфIагъэкIыну, ахэр егъэфIэкIуэным, сабийхэр кьиэращтэным чуэгъэзыэу зыхуэфащэ псори ялэжьыну;

«Зыщагъэпсэху, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэу кьалэ щIыбэхэм щыIэхэм я кьиэрэгъэпэщыкIэм, зехьекIэм, лэжьакIэм хуагъэув санитарэпидемиологие мардэхэр» СанПиН 2.4.4.1204-03-м тет санитар-эпидемиологие заключенэр зимыIэ сабийхэр ирамышэлIэну (ямыгъэкIуэну).

2. 2007 гъэм сабийхэм загъэпсэхуныр, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэныр, лэжьэныр кьиэрэгъэпэщыным кIэ республикэ комиссэм хэтхэр кьэщIэн мы унафэм и гуэдзэным кьиэрэпщIагъэхэр хуэдэу.

3. 2007 гъэм сабийхэм загъэпсэхуныр, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэныр лэжьэныр кьиэрэгъэпэщыным кIэ республикэ комиссэм хэтхэр кьэщIэн мы унафэм и гуэдзэным кьиэрэпщIагъэхэр хуэдэу.

3. 2007 гъэм сабийхэм загъэпсэхуныр, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэныр лэжьэныр кьиэрэгъэпэщыным кIэ республикэ комиссэм хэтхэр кьэщIэн мы унафэм и гуэдзэным кьиэрэпщIагъэхэр щрагъэфIакIуэ лагерь лIуужьыгъуэ псори гъэмахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьзыырр кьиощIыгъэ икIи узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэр здэщIыну щыIэныгъэм абыхэм путевкэхэр зэрытрагъэшэнымрэ я планыр 2007 гъэм накъыгъэм и 15-м фIэмакIыну кьищIэну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А. И.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Епъэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (Щхьэгъэпсо С. Хь.) я пщэ ильхьэн республикэм и сабийхэм я узыншагъэр еГъэфIэкIуэным кьыхуаутIыпщI ахьшIэ нэхъыбэ пщIы зырыхьуну хэкIыпIэхэр гъэбелджылыным теууэ лжьыгъэ гъэзэщIакIуэ власткэм и федеральнэ орган зыхуэфащэхэм щрагъэкIуэкIыну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, жылагъуэхэм я администрацэхэм чэнджэщ етын:

узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагеру, езыхэм я щIыналъэхэм кьриубыдэу щыIэхэм, налогхэр, коммуналнэ Iуэхутхэбзэхэм я уасэхэр тынымкIэ льготэхэр яхуэгъэувынымкI щыIэ хабзэхэм тету унафэ тращIыхьыну;

сабийхэм зрагъэзэпэсхуным, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн пащIэ, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм, предприятхэм, Iуэхущ1апIэхэм я бюджетхэм щыщ мылыку, бюджетым химыубыдэ фондхэм я ахьшIэ кьыхэзыгъэIуэну;

сабийхэм зегъэзэпсэхуным-рэ я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ ахьшIэшхуэ зытемыкIуадэ хэкIыпIэхэр: турист зекIуэхэр, щыкIуэхэр нэхъ дзыхьэхъхэм тещIыхьа клубхэр, пщIыхьэщхьэ зэхуэсхэр, нэгъуэщIэрэ кьагъэсэбэныну;

узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм я щIыналъэхэм, абы-хэм я Iэгъуэблагъэхэмрэ псы-хэмрэ я узыншагъэм и дежкIэ щыIанэуэу щыт хьэпIапIэхэр, аргъуэфIэ, дзыгъуэхэр щыгъэкIуэдыным пыщIа лжьыигъэхэм я уасэр ятыну;

зыгъэпсэхугъуэ зэманым кьриубыдэу ильэс 14-18-м ит сабийхэр пIалъэкIэ щылэжьэну Iэнатlэхэр кьиэзIухьыным иджырри зэ хэпльэкIыну икIи апхуэдэу лажьэ щыкIуэрт лэжьапщIэ и чэзум иратынырэ кьиэзрагъэпэщыну.

6. Страхованэм хиубыдэ щыхуэхэм я быну школ кIуэгъуэ ныбжьым итхэм (ильэс 15 ирикьуу) узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерь зэмылIэужьыгъуэхэм, ильэс псом е гъэм и лъэхъэнэ пыухыкIам лажьэ сабий санаторэхэм зэрызыщагъэпсэхуну путевкэхэм я уасэр зэрыщыту е абы щыщ Iыхьэр Къэрал Iуэхущ1апIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм кьеКIуэкI хабзэхэм тету езым и бюджетым кьыхэкIыу зэрытынур кьэлытэн.

7. Профсоюзхэм я республикэ отраслевой комитетхэм, предприятхэм, Iуэхущ1апIэхэм я пщэ ильхьэн, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм чэнджэщ етын Къэрал Iуэхущ1апIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм кьеКIуэкI хабзэхэм тету езым и бюджетым кьыхэкIыу зэрытынур кьэлытэн.

8. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм узыншагъэр егъэфIэкIуэным текIуэдзыр 2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Егъэджэныгъэр» и раздельм «щIалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ» и раздельм и раздел кьуэдзэм кьыхэкIыу яхунэтIыпщIыну.

9. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм (Мусуков А. Т.) хуэгъэувын республикэм и сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагеру кьалэ щIыбэхэм щыIэхэм зэрагъакIуэ путевкэхэм ику иту я уасэр (щхьэхуэу зы махуэм хуэзэри) гъэбелджылыныкIэ зыхуэфащэ Iуэхур Къэрал Iуэхущ1апIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм щIыгъуу кьыхилхьэну.

10. Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм, страхованэ езыгъэкIуэхэм я счетхэм кьихьэ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым, мы унафэм ипкъ иткlэ, Iуэху пыухыкIэхэм трагъэкIуэдэн пащIэ къыдэзыIагъэуIуэ бюджет мылыкущ, ар зытрагъэкIуадэ хъунур кредитхэм унафэ тезыщIыхьхэм платеж доку-ментхэм кьыщагъэлъэгъуэ Iуэхущ1апIэм икIи узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм, страховано езыгъэкIуэхэм я счетхэм я зэманым илъхьэныр кьиэзрагъэпэщыну икIи счетхэр зи Iэмыщ1э ильхэр щыхуейм дежа е ахьшэр иратыну.

12. Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм чэнджэщ етын ягъэува хэкIыпIэхэм щыщ ахьшэр и пIалъэм кьриубыдэу кьащIыIэрымыхьэм деж налогхэр щатын хуей зэманыр хуэгъэIэпхъэн е зэщхьэщыхауэ хуагъэувын пащIэ зыхуэфащэ уполномоченнэ органхэм (Федеральнэ налог кьулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм, бюджетым щымыщI фондхэм я кьудамэхэм) лъэIукIэ зыхуагъэзэну.

13. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын узыншагъэр щрагъэфIакIуэ сабий лагерхэм лы, гъэщ, хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ щыIэ хабзэхэм тету езыщынухэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм ящIыгъуу.

14. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын:

бын куэд зиIэ, хуэмышIауэ псэу, адэрэ анэр зыщIхьэщымытыж унагъуэхэм, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зызыщIэгъэкъуапхъэ унагъуэхэм щыщ сабийхэм загъэпсэхуным, я узыншагъэр егъэфIэкIуэныр, лжьэныр кьиэзрагъэпэщыным хуэунэтIауэ министерствэмрэ ведомствохэмрэ, Iуэхущ1апIэхэм, предприятхэм ирагъэкIуэкI лжьыгъэр зриIэуIуну;

адэ-анэм я нэIэ щIэмытыкIэ кьэна сабийхэм, сабий нэкъуэдыкIуэхэм, кIэльыпIэным зимыIэж, щхьэрыгъэIыпщI хуэа сабийхэм, нэгъуэщI гугъуехьхэм хэхуа сабийхэм, лэжьапIэнщIэжмрэ страхованэ хэмыхуахэмрэ я бынхэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэныр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм ящIыгъуу кьиэзрагъэпэщыну;

сабийхэм загъэпсэхуныр-рэ я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ и министерствэм (Бицу В. Г.) хуэгъэувын:

гъэмахуэ сабий зыгъэпсэхуэпIэхэм щылэжьэнухэм, балигъ мыхьуахэм ящыщ пIалъэкIэ гъэмахуэм лжьэнухэм я узыншагъэр медицинэм и комиссэхэм кьапщытэныр пщIэнщIэ зэфIэкIыкIыну;

узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм я лжьакIуэхэр ещхьэкIэ зыгъэгъэпсэхуным, абы ар Урысейм и кьалэ нэхъ инхэм ящыщ щыщщ. А кьалэм и хабзэхъуэмэ органхэм ящIыгъуу хъыджэбз щIыкIур къэгъуэтыжыным теууэа Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, щIыху ядыгъунымкIэ нэхъапэхэм хуэдэ щынагъуэ ди республикэм щыIэжкъым. Федеральнэ къарухэм Шэшэным, гъунэгъуэ республикэхэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ террорист бандэхэм, хабзэнщагъэкIэ Iэщ1кIэ зызэщIэзыуэзда гупхэм я лъабжьэр щIэхуащ, щIыхьэфIагъэнымкIэ зэтраухуа я зэпыщIэныгъэхэр зэхахъутащ, - жи1ащ зэщIэгъэIуэуэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэмebэныныкIэ управленэу КъБР-м и МВД-м щыIэм и унафэщI, милицэм и полкыныр **Сыжажэ Альберт**.

Уголовнэ кьэлъыныгъэмкIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ милицэм и полкыныр **Шэшэн МуIэедрэ** МВД-м и УБОП-м Iуэхугъуэ хэхахэмкIэ и оперуполномоченэ нэхъыжьэ **КIарэ Тимуррэ** зэIущIэм кьрихьэлIа журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

витамин зэмылIужьыгъуэхэр, микроэлементхэр зыхэлъ препаратхэр, витаминкIэ кьулей ерыскьыкIэхэр кьиэзрагъэщхуну ахьшэр щхьэхуэу кьалъытэну;

сабий лагерхэм я лжьакIуэхэр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я бюджетхэм, предприятхэм, Iуэхущ1апIэхэм, профсоюз комитетхэм я хьэкъкIэ пщIэнщIэу е нэхъ пуду ягъэшэныр кьиэзрагъэпэщыну;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узыншагъэр хьэмэныкIэ и министерствэм гурыIуэу, сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ организацэхэр (Iуэхущ1апIэхэр) зыхуей медицинэ оборудованэкIэ, хущхьэхэмкIэ, медицинэм ехьэлIауэ кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмкlэ кьиэзрагъэпэщыну;

сабийхэм зыщагъэпсэху, зыщагъэхъуэ организацэхэм (Iуэхущ1апIэхэм) щыIэхэр гъэсэныгъэмкIэ, я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр щыIэ хабзэхэм тету кьиэзрагъэпэщыну;

узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм, санаторхэм зэрагъакIуэ путевкэхэр зэрыгъэгуапэм кIэльыпIэныну, псэуныгъэ и лъэныкъэкIэ хуэмышIа унагъэхэм щыщ сабийуэ кьэрал дэ1эпыкъунымкIэ псом хуэмыдэу зэхуэныкъуэхэм гулыIэтэ хэха хуащIыну, апхуэдэ сабийхэм папщIэ путевкэхэм я уасэр, ахэр зыгъэпсэхуакIуэ зэрыкIуа, кьиэзрыкIужьа гъэгугупщIэ зэрыщыту е абыхэм ящIыщ Iыхьэр хуапшыныжьынэу.

22. Планым хагъэхьэу лэжьыгъэм кьыхаша санаторэупрофилакторэу республикэм и предприятхэм я кIэщIэлъхъэм ильэс псом лажьэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ санаторэ лагерхэм я статус, турист базэхэм, пансионатхэм, альпинист лагерхэм - узыншагъэр щрагъэфIакIуэ стационар лагеру кьалэ щIыбэм щыIэхэм я статус ират.

23. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын 2007 гъэм сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, зегъэзгъэпсэхуным, абыхэм зэманыр щагъэкIуэн кьIуIэнымкIэ зырызыхуагъэзэрыырэ я лжьыгъэгъэзэрыгъуэ щыщ щIыгъуу зыгъэпсэхуным зэрызыгъэзэрыгъэ щIыхьэ хуапшыныжьыну.

24. Кьару имыIэжу кьэлыгъэм «2005 гъэм сабийхэмрэ балигъыIэ имыкъуэмрэ зегъэгъэпсэхуным, я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуа дзэжьыгъэм кьрикIуахэм, 2006 гъэм а лжьыгъэр егъэкIуэкIыным пыщIауэ кьэуе кьалэнхэм я Iуэхукlэ» 2006 гъэм накъыгъэм и 11-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ кьащта Унафэ №146-ПП/2-7р-м.

25. Мы унафэр гъэзэщIа зэрыхъым кIэльыпIыну я пщIэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьудзэ Дыщэкl М. Р., Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ и кьудзэ Моллаев С. М. сымэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ ТАУ Пщыкьан

КъБР-м и Президентым и цIэкIэ къагъэкъа улущIэхэм я жэуапхэр

- Республикэм и телекомпаниехэм я программэхэр канал зэмылIужьыгъуэхэмкIэ кьат. Нэхъапэм хуэдэу, ахэр зы каналкIэ кьату пщIыж мыхьуну пIэрэ? Канал псомкIи емыплыифхэри щыIэщ, апхуэдэхэри хуейт республикэм щекIуэкIэхэм щыгъуазэу щытыну.

Лукьяев Марзият Кушыку ипхъу, Новэ Балькъэр къуэ, ныкъ уацыкьуэ, пенсионер.

Жэуап ирет КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр **Тут З. Н.:**

Нобэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щолажьэ телерадиокомпаниехэм я ныбжьыщхьэу щы - къэзыт «Къэбэрдей-Балькъэр канал», жанр зэмылIужьыгъуэ программэхэр КъБР-м и кьэралыбзэхэмкlэ кьиту «Къэбэрдей-Балькъэр» ГТРК-р, «Союзпос кьэрал телерадиокомпание» федеральнэ кьэрал унитарнэ предприятэм и кьудамэу щыту информацэ программэхэр кьэтыным кхъ елэжьу «Налшык» жылагъуэ радиотелевизионнэ компание» акционер обществэ зэIухэр, щэнхабзэ-уэзщIакIуэ, нэгъуэщхь программэхэр кьиту.

Абыхъэм ящыщ дэтхэнэми республикэм и телевиденэм езым и уныпIэ щиIыгъщ икIи щыIэну хуитынырэ нIэщ. А телекомпаниехэм я лэжьыгъэр закономрэ зэрыгъэгъэщIагъэ щыIэ щыткым икIи «Щыхуб3 хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 25-нэ статьям ипкъ иткlэ, законым езэгъыу абыхэм ирагъэкIуэжьынэ щыIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, кьулыкъу зезыхьэхэр, предприятхэр, Iуэхущ1апIэхэр, организацэхэр, кьэрал organизацэхэр, кьиэрэгъэпэщыну;

Абы кьыщынэмыщIауэ, каналхэр нэхъыбэхэу телевизорелпIэхэм Iэмал нэхъыбэ ягъуэт зэрыкIуэнымкIэ, ящIэрыгъэщхэр кьыхахыну. Дэ тедгъэзэжк хьунукъым, тедгъэзэжыни хуейкъым ильэспIщ зыбжанэкIэ узэIэбэжыкIэмэ зэрыщытам (ямэ, етIуанэ) федеральнэ программэхэм фIэкIа уепIь мыхьуу щыщытам). Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и языныкъуэ щыпIэхэм ищхьэмкIэ зи гупIу щыттщ телекомпаниехэм я программэхэр кьиэзрамыубыдыфымкIэ щыIэ мыарэзынигъэр льабжьэнщэхьыж икIи программэхэр псоми яльэгъэIэсэныкIэ мы зэманым лжьыгъэщхуэ ирагъэкIуэкI. Кьащтэмэ, «Урысейпсо телевизионнэ, радиовещательнэ сеть» федеральнэ кьэрал унитарнэ предприятэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткlэ, КъБР-м и кьэрал телевиденэм и программэр республикэм и щIыналъэ псом щыхэлъэIэс хьун щхьэкIэ, мы гъэм щадэзнэущ щыналъэ спутник телекоммуникацэ сеть ухуэным. Бгъилъэ щыпIэхэм щыпсэухэм япэ лъэхъэнэм Iэмал ягъуэтынущ япэ, етIуанэ урысейпсо, республикэм каналхэм еплыныр. Ильэс гъунэгъуэхэм бжьыгъэ Iэмалхэр хьыщагъэсэбэп кьэтыкIэм хуэкIуа нэхуэк, а каналхэм «Щэнхабзэ», «Спорт», НТВ телеканалхэр кьахэхьэуну щогуфэ.

- Япэ адыгэ скульптор Кьалмыкъ Федор Батырбэч и кьуэм, ильэс 35-рэ и пэкIэ игъуэ нэмысу дунейм екьиэжам, и лжьыгъэ щIэныр гульытэ хуэфащIыну сынывольэIу республикэм и гъуэзджэм, абы Къэбэрдей-Балькъэрым зыщегъэжьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм ящIэну щыIэкIэ. Абы и фэеплъыр ящыгъупщэжащ ильэс 30 льапэрэ щэнхабзэ Iэнатlэм унафэ хуэзыщIахэм. Захуагъэ ар?

Кьалмыкъ Федор и фызабэ Кьаныкьуэ (Кьалмыкъ) В.

Жэуап ирет КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр **Тут З. Н.:**

- Кьалмыкъ Федор Батырбэч и кьуэр (1932-1967 гъэ.) КъБАССР-м щыщ Куба кьуаэхэм ящышалъхуащ. Ильэс 35-рэ къигъэщIащ. Республикэм икIа яп3 гупым хэту Саратов кьалэм дэт художественнэ училищэм еджакIуэ ягъэкIуэу щытащ. Ар 1952 гъэм кьиуэри, скульптор Iэщ1агъэм иригъэжьэн япэу щIэзыдзахэм ящыщ хуэщ. 1957 гъэм Урысейм и Сурэтыщ1хэм я союзым хагъэхьащ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Сурэтыщ1хэм я союз щIэуэ кьиэзрагъэпэщам и правленэм хахащ. А гъэ дыдэм Кьалмыкъ Ф. «За трудовую доблесть» медалыр кьыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и сурэтыщ1гъуэджэм зегъэужьыным щиIэ фIыщIэхэм папщIэ.

И творческэ гъащIэ кIэщIым кьриубыдэу скульптурэ сурэт зыбжанэ игъэхьэзырат, ауэ и кIэм нигъэзар щащI. Изобразительнэ гъуэзджэмкIэ музейм абы ищIауэ скульптурэ сурэтищрэ зы декоративнэ композицэрэ щахьумэ.

«Сосрыкьуэ» скульптурэ-архитектурэ комплексыр (Налшык къ.) кьиэзгъэпэщыным, апхуэдэуи «Коммунизмэм и Iуэхум щIэбэнахэр» фэеплъыр гъэзывным (Прохладнэ къ.) елэжьа творческэ гупым хэтащ.

Скульптор Кьалмыкъ Федор и лжьыгъэхэм щыщ куэдыр кьиэзыхэщIыкIауэ щытар куэдрэ хьума мыхьу ятIагъэрэщ.

1968 гъэм КъБАССР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я союзым щыIэгъуэ кьиудригъэкIауэ щытащ «Кьалмыкъ Федор Батырбэч и кьуэр» брошюрэр. Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкlэ и лжьакIуэхэм я творческэ щIэныным теухуа Iуэхугъуэхэр республикэм и къэрал архивхэм щахьумэ.

Мы зэманым догупсыс Къэбэрдей-Балькъэрым и декоративно-прикладнэ, изобразительнэ гъуэзджэ я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм я художественнэ щIэныр хьума хьун щхьэкIэ, автор залхэмрэ зыхуэфащэ хьуманIэхэмрэ кьиэзгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Сабийм и зэчийм щызрагъэужь

Сабий творчествэмкIэ республикIэ зэхуэсыгъэ щыкIуэ зыгъэгъэпсэхуным и лъэныкъуэкIэ

Сабий творчествэмкIэ республикIэ зэхуэсыгъэхэр ильэс 22-рэ зэрыриIэтыр тхьэмахуэ кIуам Iэтауэ ягъэлъэпIащ.

Абы хэтащ республикэм и куей псоми ныкIа хьэщIэхэр.

- Сабий, щIалэгъуалэ творчествэмкIэ республикIэ унэр кьиэзрыгъэIуахэр ильэс 22-рэ дэкIами, зэхуэсыкIыныгъэ мыкIуэщIэ игъуэтами, нобэми дигу ильщ программэм и лей егъэджэныгъэ щрагъэгъуэт мы Iуэхущ1апIэ гъуэзджэм ягъэ зэрихьэу щыта щIэр - «Пионерхэм я уардэнэ», - жи1ащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэсо Сафарбий. Ар екъуэдыжьащ абы щылажьэхэм, щеджэхэм, хьэщIэ хэм.

«Ныпэ зимыIэ сабингъуэ» зи фIэщыгъэщIэ парадымкIэ кьиэзIуаха махуэщхэм хэтт спортсмен ныбжьыщIэ хэр, щIэныгъэщIэхэр, кьэфакIуэхэр, сурэтыщIхэр, музыкантхэр. Гъуэгум ири кIуащ республикэ, урыс-хьуащ абы щылажьэхэм, щеджэхэм, хьэщIэ хэм.

«Ныпэ зимыIэ сабингъуэ» зи фIэщыгъэщIэ парадымкIэ кьиэзIуаха махуэщхэм хэтт спортсмен ныбжьыщIэ хэр, щIэныгъэщIэхэр, кьэфакIуэхэр, сурэтыщIхэр, музыкантхэр. Гъуэгум ири кIуащ республикэ, урыс-хьуащ абы щылажьэхэм, фестивалхэм пашэныгъэ кьыщызыхьахэр, Сабий творчествэмкIэ унэм идкьэпIуэгъу зыщызыгъасэ щIалэгъуалэр.

Зэрыхафэзэ, зэIущIэм и кIэухым пионерхэм я мафIэр зэщIагъэнащ.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр **ХЖЪ Натальеи.**

Шынагъуэ щыIэжкъым

● Зэ1ущ1эхэр

90 гъэхэм и кум зиубгъуауэ щытащ мылъку хэкIыпIэ ящIа, щIыхуэхэр щэн-къэщхуным пыщIа хабзэншагъэм. Урысейм, хамэ къэралхэм я щIыхуэхэр ядыгъурт лIыщIэу зыгуэрым иращэн, е зейхэм щхьэщхуэжьыщIэ къыIахьын мурадкIэ. Щэщэн зауэм и етIуанэ лъэхъэнэм къриубыдэу, Кавказ Iащхъэрэм щадыгъуауэ щытащ щIыху мини 2-м щIигъу.

ЦIЫХУХЭР дыгъуным пыщIа щIэпхъаджагъэ шынагъуэм ебэныныкIэ республикэ щилицэм илэжьхэм теухуауэ щытащ КъБР-м и МВД-м иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр.

- Ди лъахэм иджыкIэ апхуэдэ шынагъуэ щыщIэкъым. Нэхъапэм ди республикэм щыщу ЦIыху 16 ядыгъуаэу щытати, 8-р кьагъуэтыжащ, мыдрей ЦIыхуи 8-м щыщу зырщ щхьэщэхужьыщIэ зыхуагъэувауэ щытар. ЩIыIэ хъыбарымкIэ кьамыгъуэтыжахэм ящыщу 2-р сабийц. Абыхэм я зыр зэщхьэгъуэхэр щызэбгъэдэкIыжым и адэм идыгъуауэ аращ, етIуанэр Прохладнэ щыщ хъыджэбз цIыкIуц. Абы и адэ-анэр афиняфохэт. Жащ гуэрым я цIыхугъэр ящIыгъуу ахэр ефащ икIи бысымхэр жеижа нэужь, модрейм ильэсит зи ныбжь сабийр идыгъури екъэжащ. ДызэрыщIыгъуазэмкIэ, абы ар Урысейм и кьалэ нэхъ инхэм ящыщ щыш щищащ. А кьалэм и хабзэхъуэмэ органхэм ящIыгъуу хъыджэбз цIыкIур къэгъуэтыжыным теухуа Iуэхугъэр ирагъэкIуэкI. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, цIыху ядыгъунымкIэ нэхъапэхэм хуэдэ шынагъуэ ди республикэм щыIэжкъым. Федеральнэ къарухэм Шэшэным, гъунэгъуэ республикэхэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ террорист бандэхэм, хабзэнщагъэкIэ Iэщ1кIэ зызэщIэзыуэзда гупхэм я лъабжьэр щIэхуащ, щIыхьэфIагъэнымкIэ зэтраухуа я зэпыщIэныгъэхэр зэхахъутащ, - жи1ащ зэщIэгъэIуэуэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэныныкIэ управленэу КъБР-м и МВД-м щыIэм и унафэщI, милицэм и полкыныр **Сыжажэ Альберт**.

Уголовнэ кьэлъыныгъэмкIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ милицэм и полкыныр **Шэшэн МуIэедрэ** МВД-м и УБОП-м Iуэхугъуэ хэхахэмкIэ и оперуполномоченэ нэхъыжьэ **КIарэ Тимуррэ** зэIущIэм кьрихьэлIа журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Фэеплъ

Гугу Рэшад. Псэужамэ, мы махуэхэм абы и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.

Гугур илъэс 50-м нэскIэ щылэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым. ЩIэныгъэ лэжьакIуэу къыщIидзэри ар хъуащ тхыдэ къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыжь, и унафэщI. 1988 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м нэскIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и тхьэмадэ къалэныр дагъуэншэу ирихьэкIащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу а IуэхущIапIэм и щIэныгъэлIхэм къэралпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зэфIахащ. Гугум къызэригъэпэщауэ щыташ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхуэгъэза лэжьыгъэшхуэ куэд. Абыхэм ящыщт щIэныгъэ экспедицэ щхьэхуэ Сирием, Тыркум, Иорданым ягъэкIуауэ зэрыщытар. Институтым и лэжьакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи я щапхъэт щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт, унафэщI щыпкъэ, хэкупсэ икIи цIыху пэ ж Гугу Рэшад.

ЩIэныгъэлI пажэм езыми и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ тхыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ абы и лэжьыгъэхэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым революцэ зэщIэ хъееныгъэр зэрыщекIуэкIар», «Тэрч щIыналъэм Советхэр зэрыщытекIуар», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм икIи ахэр Урысейм зэрыхущытар», нэгъуэщIхэри. Ныкъуэтхыу къэнауэ щыташ «Къалмыкъ БетIал» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ тхылъыр.

Хэкур зэрыгушхуэ, зэрыпагэ, щытхъу ин зыхуэфащэ цIыху куэд диIэщ адыгэ лъэпкъым. Абыхэм ди щIыналъэм и цIэр фIыкIэ щагъэIуащ щIэныгъэм е щэнхабзэм, политикэм е экономикэм, гуащIэдэкI лэжьыгъэм е псэуныгъэм и нэгъуэщI IэнатIэхэм. Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм ящыщщ нобэ дигу къэдгъэкIыж тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэ хэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик

Лъытэныгъэ ин игъуэ ташщ Гугум и гуащIэдэкIым. Абы къыфIаща щIэныгъэ цIэ лъагэ хэм нэмыщI, къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр.

Гугу Рэшад и фэеплъыр яхъумэ абы и унагъуэм исхэм, и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, зыщIыхуу щыта псоми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Хэкум и бын пэж

Куэдрэ псэу цIыхум куэд елъагъу, нэхъыбэжи игу къонэ. Апхуэдэм къикIу гъащIэ гъуэгуанэ кIыхьым ар цIыху Iэджэм щахуозэ, цIыхугъэ, ныбжьэгъу щахуохъу, абыхэм ящыщуи абы игу къинэр зырызхэрщ. Апхуэдэу сэри благъэ-Iыхьлыми, ныбжьэгъуми, си цIыхугъэу щытами, цIыху куэд дыдэм гъащIэм сащыхуэзащ, садэлэжьащ, Iуэху ядэсщIащ, гуфIэгъуэхэм, нэщхъеягъуэхэм садыхэтащ. Набдзэгубдзаплъэу уакIэлъыплъыфмэ, апхуэдэ Iуэхухэм щыхэтырщ цIыхур нэхъыфIу къыщыпцIыхур, хэт сыт ищIысми къыщыпщIэр, абы и зэфIэкIыр, хьэл-щэнхэр сэтей нэхъ къыщыхъур. Дунейм зэрехыжрэ куэд мыщIами, нобэр къыздэсым пIалъэ-пIалъэкIэрэ сэр-сэру иджыри согупсысыжри, си ныбжьэгъухэм, цIыхугъэхэм ящыщу сыт и лъэныкъуэкIи лъэпкъым и цIыху пэрыту, абы зэригъэпэща хьэл-щэн телъыджэхэр нэхъ щызу зыхэлъу, зезыхьэу, адыгэ нэсу щытауэ си щхьэкIэ къэслъытэр зи ахърэтыр нэху хъун Гугу Рэшадщ.

А ЩIАЛЭ къудан къекIур, щхьэпэлъагэр, сытым щыгъуи зи нэгур зэIухар, гуапагъэрэ гурыщIэ къабзэрэ къызэрыщыр, и теплъэ къудеймкIи фIыуэ умылъагъункIэ, узыIэпызышэ къару гъэпщкIуахэр абы къызэрыбгъэдэкIым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ япэ узыIущIэ цIыхум и теплъэ дахэм укъыщигъапцIи щыIэщ, апхуэдэхэм адыгэм ауэ сытми «шы дахэ мыжэ» яфIищакъым.

Ди ныбжьэгъу IэфI Рэшад и теплъэм екIупс, хуэфэщэжын щытыкIэрэ хьэл-щэн телъыджэрэ бгъэдэлъу дунейм тетащ. Рэшад и ныбжьым итахэр, сэри абы сахэту, пхужыIэнукъым лъэхъэнэ тынш щыпсэуауэ, зэман бзаджэт абыхэм я натIэ хъуар. Апхуэдэ зэманым цIыхухэм я нэхъыфI дыдэхэри я пIэ къреш, зэрыщымыт ещI, хуей-хуэмейми фIэмыфI, имыщIапхъэ ирегъащIэ, цIыху нэсри абы щигъэлъэпэрапэ, гъуэгу пхэнж щытригъэувэ куэдрэ къохъу. ПыухыкIауэ я цIэ къидмыIуэми, ди ныбжьэгъухэм ящыщ зырызхэри а гъащIэ емынэм пэщIэтыфакъым, трагъэкIуэфакъым гурыщIэ лъагэ яIахэр. ЛIыгъэ, къару мыкIуэдыж зэрыбгъэдэлъам и щыхьэту, Рэшад гъащIэ мытыншым къыщыпэува гугъуехь мыухыжхэмрэ лъэпощхьэпо кIэ зимыIэжхэмрэ къахуэгъэшакъым, яхуищIыкIакъым, и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыгъэпудын гуэр абы илэжьауэ зыми жиIэфынукъым. Ар сытым щыгъуи зэпIэзэрытт, хуэму, щабэу фIэкI псалъэртэкъым, нэ щIыбагъкIэ нэгъуэщIым хуэшхыдэртэкъым, фыгъуэижэм пэIэщIэт, унафэщIхэм къапижыхьыртэкъым, зыхимыщIыкIым тепсэлъыхьыртэкъым, нэфI-ней химылъхьэу зэхуэдэу псоми яхущытт, цIыхугъэр, пэжыгъэр и гъуазэт. Зи щхьэм и пщIэр зыщIэж, къызыхэкIа и лъэпкъым и бын нэхъыфI дыдэхэм языхэзу ар дунейм тетащ.

Сэ Рэшад къыщысцIыхуар тIэкIу нэхъ кIасэIуэущ, пединститутым щылажьэу щыщIидзауэ, сэри 1952 гъэм аспирантурэм сыщIэтIысхьауэ. А илъэсхэм къыщегъэжьауэ IэнатIэ, къулыкъу зыбжанэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу абы ирихьэкIащ, къызэрыгуэкI егъэджакIуэм къыщригъажьэри республикэм и къэхутакIуэ институт цIэрыIуэм и унафэщI хъуащ, мызэ-мытIэу депутатуи хахащ, щIэныгъэм и нэхъ цIэ лъапIэхэр зыIэригъэхьащ, ауэ абы и щытыкIэм, и псэукIэм, и хьэл-щэнхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтакъым, языныкъуэхэм хуэдэу, къулыкъу лъагэхэм абы и щхьэр ягъэунэзауэ, зэрыщымыт ящIауэ си щхьэкIэ гу лъыстакъым.

ЗанщIэу жыпIэмэ, къыддалъхуахэм ящыщ куэдыр зыгъэжакъуэ IэнатIэ лъагэм абы кърищIаишхуэ щыIэкъым, къыхуагъэфэща дэтхэнэ къулыкъури игъэлъэпIа мыхъумэ, зытес шэнтым ирипагэу ар зэи щытакъым. Зи щхьэм бадзэ тезыхужыфым нобэ и къалэну къелъытэж совет лъэхъэнэ щыIам хуэшхыдэныр. Зыми жиIэркъым ар ныкъусаныгъэншэу щытауэ, ауэ, пцIы хэмылъу жыпIэмэ, бзыщIыни гъэкIуэдыни хуейкъым Урысей къэралышхуэм и лъэпкъ псоми я псэукIэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, литературэм я зыужьыныгъэм абы хэлъхьэныгъэ телъыджэ зэрыхуищIар, лIэщIыгъуэкIэрэ ахэр зыхэта кIыфIыгъэ хьэлъэр абы зэригъэкIуэдар. А гъащIэщIэ къэунэхуам и фIыщIэщ ди щIыналъэм и щIыпIэ пхыдза дыдэхэм ящыщ зым - Джэдыкъуэ - къыщалъхуа щIалэ цIыкIум гугъуехьищэхэр пылъу щIэныгъэм лъагъуныгъэ зэрыхуищIари, и зэхэщIыкI-гупсысэр зэрызэтеувари.

Хэкум и бынхэу а гъуэгуанэр зэпызычар куэд мэхъу, ахэр къыщIедбжэкIыни щыIэкъым, ауэ ди ныбжьэгъу Рэшад хуэдэу абыхэми яхузэфIэкIар, зыхэта гъащIэ мытыншыр къызэранэкIыфу ехъулIэныгъэ хьэлэмэтхэр зэрызыIэрагъэхьар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

Зауэ зэманхэм еджапIэхэр щытыкIэ гугъум итт: езыгъэджэни зэреджэни дахэ-дахэу ягъуэтыртэкъым. Джэдыкъуэ дэта, япэ илъэсхэм Рэшад щеджа, иужькIи ар зи унафэщI хъужа я еджапIэ цIыкIури апхуэдэ гугъуехьхэм хэтащ. Абы къыхэкIкIи апхуэдэ еджапIэхэм щIэсхэм абыхэм щIэныгъэ гуэр къыщIахамэ, зи фIыщIэр, псом япэу, езы еджакIуэхэрщ, абыхэм я ерыщагъырщ. Апхуэдэ ерыщагъ и щIалэгъуэм зыхэзылъхьэфа ныбжьыщIэр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужь псэху, еш имыщIэу йоджэ, IэщIагъэ къыхихам хуэпэжщ.

Алыхьым къыбгъэдилъхьа зэфIэкIхэм нэмыщI, нэгъуэщI гугъапIи дэIэпыкъуэгъуи зимыIа Рэшад и щIыбагъым зэи зыри къыдэтакъым, зыгуэрми зыкъыщIигъэкъуакъым. И щхьэ закъуэрщ ар щеджа зэманхэми, и кандидат, доктор диссертацэхэр щыпхигъэкIыми зыщыгугъар. Ар фIыуэ емыджамэ, пединститутым егъэджакIуэу къагъэнэнтэкъым, гугъуехьищэхэр пыщIами, и зэманым пщIэрэ щытхъурэ иIэу и диссертацэхэри пхигъэкIыфынтэкъым.

Дэтхэнэ зы цIыхури зыхуэдэр къэхутэгъуафIэкъым. Рэшад нэсу къэпцIыхуныр гугъу пщызыщIыр ар псалъэрилэу, игу илъ, зыгъэпIейтейхэр уэршэрэгъу къыхуэхъу дэтхэнэ зыми къыхузэIуихыу, яхуиIуатэу зэрыщымытарщ. Пединститутым щылажьэу щыщIидза лъэхъэнэхэм нэIуасэ дызэхуэхъуа, куэдрэ дызэхуэзэу щыта щхьэкIэ, сэ ар псынщIэу къэсцIыхуауэ схужыIэнукъым. Ар зыхуэдэ цIыхур сэ нэхъ кууэ къыщызгурыIуар зэгъунэгъуу дыпсэу дыщыхъуарщ, пединститутым и студент общежитым и етIуанэ къатым дыщытеса илъэсхэрщ. Къэралыр зыхэт къулейсызыгъэм и зэранкIэ зауэ нэужь илъэсхэм фэтэрыр икъукIэ зэпэубыдат. НэгъуэщI хэкIыпIэ зымыгъуэт еджапIэм и унафэщIхэм общежитым и зы къатыр егъэджакIуэхэм иратат.

Рэшад и унагъуэр (адрейхэми хуэдэу) абы тыншу зэрыщымыпсэуар къригбгъэлъэгъуэну мыхэр ирикъунщ. Ар зыщIэса пэш цIыкIуитIым пщэфIапIэ хэтакъым, псы къакIуэртэкъым, зытхьэщIыпIэ иIэтэкъым.

Пединститутым сыщылажьэу щIэздза, унагъуи зэзгъэпэща нэужь, сэри зы пэш цIыкIу, пхъэбгъукIэ тIууэ зэпрыхукIауэ, къызатащ, Рэшад зыщIэс пэшитIым ди бжэхэр хуэгъэзэзауэ.Щхьэгъусэ схуэхъуа ЩоджэнцIыкIу Нэлжан Рэшад и благъэ дыдэу къыщIэкIащ. А тIум я сабиигъуэр щагъэкIуар Нэлжан и анэш икIи и малъхъэ Жэмборэ Шу и дежщ. Шу и бынхэм - Суфян, Нихьмэт, Замудин, Любэ сымэ - ящIыгъуу я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр абыхэм я деж щагъакIуэрт.

Гъунэгъу дызэхуэхъуахэр зы унагъуэм хуэдэу дызэдэпсэуащ, а илъэс зытIущым дызэхуэмызэу махуэ закъуи блэкIауэ къыщIэкIынкъым. ЗэщхьэгъусэнныбжьыщIэхэу Рэшадрэ Люсэрэ гуапэу, IэфIу зэхущытт, а зэманым а тIум яку дэлъа зэбгъэдэтыкIэр емыфIэкIуамэ, иужькIи зэхъуэкIыныгъэ игъуэтауэ схужыIэнукъым.

Адыгэ тхыдэм елэжьыфын щIэныгъэлI нэс Хэку зауэшхуэм иужь лъэхъэнэхэрщ адыгэхэм къащыхэкIар. Зырызыххэу я цIэ абыхэм къидмыIуами, ахэращ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэ хьэлъэр пэжу, нэсу япэ зыубзыхуахэр, зэфIэзыгъэувэжахэр. А къалэн хьэлъэр зи пщэ къыдэхуахэм икIи ехъулIэныгъэ хэлъу ар зылэжьахэм ящыщщ Гугу Рэшад. Ар щылэжьа илъэсхэм ди республикэм адыгэ тхыдэм теухуауэ Iуэху къыщрахьэжьауэ, зэIущIэ щекIуэкIауэ къыщIэкIынкъым а щIэныгъэлI гъуэзэджэм и жэрдэм хэмылъу, ар къыщымыпсэлъауэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэрщ лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнэ зэIумыбз зыбжанэ иджырей щIэныгъэм и хабзэм тету зэфIэзыгъэувэжар, къэзылъхуахэм я гъащIэм и къекIуэкIыкIар лъэпкъым и нобэрей щIэблэм пэжу къахуэзыIуатэр.

И лъэпкъым и гъащIэ блэкIар абы нэгъэсауэ кууэ зэрищIэр, ар къекIуу, пэжу къызэриIуэтэн, зэрызэфIигъэувэжын зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, зытетхыхьхэм я псэм и хуабагъ зэрыхэплъагъуэр щIэныгъэлI щэджащэм нэхъ щызу, кууэ къыщигъэлъэгъуащ и иужьрей тхылъ хьэлэмэтыщэ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм икIи ахэр Урысейм зэрыхущытар» жыхуиIэм, 1999 гъэм дунейм къытехьам. Адыгэ тхыдэм теухуауэ а щIэныгъэлI цIэрыIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэм яхуэфащэ пщIэр дэ тхузэхэгъэкIыну къыщIэкIынкъым, ар ди IэщIагъэу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, ауэ зи лъэпкъым и къекIуэкIыкIам набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ сэ жысIэфынур мыращ: Гугу Рэшад лъэпкъ тхыдэтххэм я нэхъыфI дыдэхэм зэращыщырщ, абы и цIэ лъапIэр адыгэ тхыдэм къызэрыхэнэнурщ.

Мылъку уиIэрэ псапэ умыщIэфмэ, щIэныгъэ убгъэдэлърэ нэгъуэщIхэм ар иумытыфмэ, абы мыхьэнэ иIэкъым, къикIи щыIэкъым. Рэшад емышу ищIэ псомкIи цIыхухэм ядэгуашэрт. Аращ иригъэджахэм зыхалъхьэ щымыIэу ар фIыуэ щIалъэгъуар, абыхэм ящыщ куэдыр и лъагъуэм щIрикIуар.

ЦIыху гъащIэр мащIэщ, къалъхуауэ мылIэжыни щыIэкъым, ауэ, зэрылIэнур куэдым щащыгъупщэ щыIэщ. И насыпщ Рэшад хуэдэу дунейм къабзэу тетыфым, къыдалъхуахэм къулыкъу нэс яхуэзыщIэфым. Апхуэдэ цIыху псэемыблэжхэрщ къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр къэзыIэтыр, абы зэригъэпэща и хьэлщэн нэхъыфIхэр зыщалъагъур, щIэблэм щапхъэ ящIыр. Зи фэеплъыр махуэ хъун Гугу Рэшад псоми я хъуэпсапIэ апхуэдэ насып къехъулIащ, апхуэдэ пщIэр и къарурэ зэфIэкIкIэ абы къилэжьыжащ.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
бзэщIэныгъэхэм я доктор.

ЩIэныгъэлI пажэ

ГУГУ РЭШАД Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным хуэбгъэдэфын гуащIэдэкI куэд щыIэкъым. Абы и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кууэ щызэпкърыхащ ди республикэм къикIуа гъуэгуанэр. Псом хуэмыдэу Гугур дихьэхырт лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэм ди щIыналъэм щекIуэкIауэ щыта Iуэхугъуэхэр къэугъуеижыным. А лъэхъэнэм зэтеувауэ щыташ совет псэукIэр, зэфIагъэувауэ щыташ мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ, зыужьыныгъэшхуэ игъуэташ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ. А псори къызэщIаубыдэу Гугум игъэхьэзырыфат монографие купщIафIэ. А лэжьыгъэр апхуэдизу нэгъэсауэ гъэзэщIа хъуати, Рэшад иужькIэ а Iуэхугъуэм зэи зыми къытригъэзэжакъым. Апхуэдэт абы и лэжьэкIэр, гупсысэкIэр, псэукIэр - псори щапхъэ зытепхынт.

МАМБЭТ Хьэлым,
тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерийрэ Гугу Рэшадрэ. Рэшад республикэм и Къэрал саугъэтыр къыщрата махуэм. *Налшык, 1990 гъэ*

Тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхутэныгъэ

Илъэс 450-рэ зи ныбжь зэгухьэныгъэу мы гъэм ди республикэм щыдгъэлъапIэр куэдым ирапх урыс пащтыхь Иван IV адыгэхэм малъхъэ щахуэхъуа илъэсым, арщхьэкIэ зыкъомым ящIэркъым а нэчыхьыр щатхар зэгухьэныгъэр зэрызэращIылIэрэ илъэси 4 дэкIа нэужьу зэрыщытыр. Къапщтэмэ, езы зэгухьэныгъэм теухуауэ дауэдапщэ куэд екIуэкIащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм. Языныкъуэ щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Къэбэрдейр Урысейм щыгухьар 1555 гъэращ. Адрейхэм къызэралъытэмкIэ, ар къыщыхъуар 1557 гъэм и шыщхьэIуращ. Зэрынэрылъагъущи, нобэ щIэныгъэлI псоми зэхуэдэу къызэдащтар етIуанэ гупым я Iуэху еплъыкIэращ. Хэту пIэрэт а лъэхъэнэм ар пхызыгъэкIыфа щIэныгъэлIыр, тхыдэм и дежкIэ апхуэдиз мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэм и зэхэублакIуэу щытар?

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIЫМКIЭ, ар илъэс 27 ныбжьым абы щыгъуэ ит а щIэныгъэлI-къэ хутакIуэ щIалэ Гугу Рэшадт. Абы т еухуауэ тхыдэтх-щIэныгъэлI цIэрыIуэ Крикунов В. мыпхуэдэу итхыжауэ щыташ: «Къэбэрдейр Урысей къэралыгъ уэм щыхыхьа илъэсыр тэмэму зыубзыхуауэ щыт ар щIэныгъэлI Гугу Рэшадщ. КъэхутакIуэ цIэрыIуэ куэдым а Iуэхугъуэр 1955 гъэм къэхъуауэ къалъытэми, щIэныгъэлI щIалэм хузэфIэкIащ абы тращIыхьа конференцышхуэм и утыкум езым и Iуэху еплъыкIэр щыпхигъэкIын. Гугум иригъэкIуэкIа къэх утэныгъэхэм лъабжьэ быдэ яIэти, аращ пэжыр щIытекIуар, ауэ, итIани, абы ищIар лIыгъэшхуэ т, хахуагъэ т, захуагъэ т».

Ди республикэм къикIуа гъу эгуанэ кIыхьым щыщу зы Iуэ хугъуэ закъуи бгъуэтынтэкъым а щIэныгъэлI IэкIуэлъакIуэр зыщымыгъуазэ. Абы бгъэдэлъа щIэныгъэм куэд къызэщIиубыдэрт. Сыт хуэ дэ упщIэкIэ убгъэ дыхьэми, абы и деж щыбгъу этынут жэуап нэгъэса, щапхъэх эри и гъу сэжу.

Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа щIэныгъэлI Iэзэ Гугу Рэшад и цIэр гуэхыпIэ имыIэу епхащ ар щалъхуа, псэемыблэжу зыхуэлэжьа Хэкум и тхыдэм. Аращ абы и IэдакъэщIэкIхэр иджырей щIэныгъэлI-къэхутакIуэхэм гъуэгугъэлъагъуэ, щапхъэ щIахуэхъур.

КОТЛЯРОВ Виктор,
«Полиграфсервис и Т» тхылъ тедзапIэм и унафэщI.

Лъэужь IупщI

ГУГУ РЭШАД адыгэ лъэпкъыр зыгъэлъапIэу, щыта щIэныгъэлI щыпкъэхэм ящыщщ. Абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр ди къэхутэныгъэхэр адэкIэ зыгъэкIуатэ лъэужь IупщIу тхыдэм къыхэнащ. Ар къызыхэкIари езыр щIэныгъэлI нэсу, и IэщIагъэм фIы дыдэу хищIыкIыу, и лэжьэгъухэм пэжу, цIыхугъэшхуэ хэлъу къазэрыдэгъуэгурыкIуарщ. ХьэлэмэтыракIэ, абы и хьэл-щэным гъэщIэгъуэну щызэхэухуэнат щабагъымрэ пхъашагъымрэ, гу пцIанагъымрэ ерыщагъымрэ. Апхуэдэу ар къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэт, псалъэхуэIэзэт. Абы и нэгум сыт щыгъуи кърихырт псом я щхьэж хьэл-щэнхэу цIыхугъэмрэ Iэдэбагъымрэ.

Гугум хуэдэхэр мащIэщ. Аращ ди ныбжьэгъу Iущым ноби псэкIэ дыщIыхуэныкъуэр. Рэшад дэлэжьа, зыцIыхуа, зэгуэр IуэхукIэ хуей хъуа дэтхэнэми къыздиIыгъынущ си псалъэхэр. Дэ тхэнэми ар хуэупсащ и псэ къабзагъэм щыщ IыхьэкIэ.

ИУАН Петр,
РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къудамэм и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

Зи адыгэбзэр къулей

АНЭДЭЛЪХУБЗЭР дэтхэнэ лъэпкъым и дежкIи хъугъуэфIыгъуэ ину зэрыщытыр нэсу къызыгурыIуэ цIыхут Гугу Рэшад. Абы къыдэкIуэу, езым Iурылъ бзэр хуабжьу къулейт, екIут. Адыгэбзэр зыгъэбзэрэбзэф Рэшад и къэпсэлъэныгъэхэм куэдрэ къыщигъэсэбэпырт купщIэшхуэ зыщIэлъ, зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр, псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр, зэгъэпщэныгъэхэр, бзэр зыгъэдахэ, шэрыуэ зыщI нэгъуэщI Iэмалхэр. Гугур ящыщт къызыхэкIа лъэпкъым зэрихьэ хабзэ дахэр, нэмыс екIур, пщIэ лъагэр Iурылъ и анэдэлъхубзэмкIэ нэхъри езыгъэфIакIуэ цIыхухэм. Абы и бзэм къыхэщырт бгъэдэлъ лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэм и нэщэнэхэр, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуа лъэпкъ хьэл-щэныр. Абы къыхэкIыу щIэныгъэлI пажэм и деж куэд къакIуэрт адыгэбзэм и щэхухэм щыгъуазэ защIыну, абы и зыужьыныгъэм ехьэлIауэ Рэшад иIэ Iуэху еплъыкIэм мыхьэнэшхуэ иратэу.

БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Барэсбий,
философие щIэныгъэхэм я доктор.

Союзпсо конференцым хэтахэм ящIыгъуу. *Налшык, 1990 гъэ*

● ГукъэкIыжхэр

Си лъэпкъ - си гущIэ уэрэд

Пщэдджыжь пшэкIэплъыр къыщызэщIищIэкIэ, дыгъэ нэщхъыфIэр къыщыщIэкIкIэ, къуалэбзухэм я пшыналъэр уэр къыщыхъукIэ, Тхьэм фIыщIэ хузощIри, мамырыгъэрэ насып IэджэкIэ цIыху гуащIафIэхэм, хьэлэлхэм, зэчиифIэхэм гурэ псэкIэ сахуоусэ, сахуохъуахъуэ. Сахуохъуахъуэ сыкъызыхалъхуа, Бахъсэн аузыр зи гущэ хъыринэ ЩоджэнцIыкIухэ.

ТХЫДЭ гъэщIэгъуэн иIэщ си лъэпкъ дыщэм, Кушмэзыкъуейр зи адэжь лъахэм. ЩоджэнцIыкIухэ къызытехъукIар зэфIэкI хъарзынэ иIэу Урысей пащтыхьым къулыкъу хуэзыщIа, дохутыр, усакIуэ-джэгуакIуэ телъыджэу щыта Щоджэн Хьэсанэщ. Абы урыс къулыкъузехьэхэр къызэреджэу щытар «капитальный мужичокт». А псалъэхэм къахэкIыу «цIыкIу»-р Хьэсанэ и унэцIэм пагъэувэу щIадзэри, си лъэпкъыцIэ дахэр къэунэхуащ.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, ЩоджэнцIыкIухэ заужьащ, цIыху гъуэзэджэхэр яIэ хъуащ. Къуажэдэсхэм я чэнджэщэгъут, куэдкIэ ядэIэпыкъуфырт адыгэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и адэшхуэ Пщыкъан. Абы и жыIэ едаIуэри, и къуажэгъу куэдыр ИстамбылакIуэхэм яхыхьакъым. Жылагъуэм цIэрыIуэ щыхъуат ЩоджэнцIыкIу Къасыми - ари щытхъу Iэджэ зыхуаIэтхэм ящыщт.

Ауэ ди лъэпкъым и «набдзэр», дауи, ЩоджэнцIыкIу Алийщ, адыгэ литературэм и классикырщ, зи усыгъэ телъыджэхэр куэдым гукIэ ящIэрщ. Алий и гъащIэр Хэкум и щхьэхуитыныгъэм щIитащ. УсакIуэшхуэм фэеплъ хъарзынэхэр щыхуагъэуващ ар бий бзаджэхэм щаIэщIэкIуэда Бобруйск къалэми, Налшыки, Бахъсэни. УсакIуэм и цIэр зэрахьэ уэрамхэм, адыгэ театрым, IуэхущIапIэхэм.

Алий хуэдэу цIэрыIуэ мыхъуами, уэрэд хуаусащ зэуапIэм шыщхьэмыгъазэу ита ЩоджэнцIыкIу Хьэсэни. Абыи мывэпкъ фэеплъышхуэ хуагъэуващ.

Си лъэпкъым щыщу зауэм хэтащ цIыху 31-рэ. Си нэгум зэман-зэманкIэрэ къыщIохьэж а щIалэ бжьыфIэхэр, цIыху гуапэхэр, нэмысыфIэхэр, зэчиифIэхэр. Абыхэм я нэхъыбэр унагъуэ хъуатэкъым, псори лэжьакIуэшхуэт, зэрыпсэуным хуэпабгъэт.

Абыхэм ящыщт, къэбгъэлъагъуэмэ, ЩоджэнцIыкIухэ Данил, Зул, Хьудин, Зубер, Iэгъурбий, Щыхьымбий, нэгъуэщIхэри. Данил Налшык дэт IэфIыкIэ фабрикэм и унафэщIу лажьэрт. Белоруссием и щIыналъэм къыщаукIащ. Зул электрикт. Связисту дзэм хэтащ. НэмыцэIуэм исхэр кърагъэкIыжыну и мураду, ток зыхэт кIапсэхэр зэпиупщIу къаубыдри, абы текIуэдащ. Хьудин военнэ училищэ къиухат. Зауэм и пэкIэ Зеикъуэ къуажэм дэта еджапIэм и унафэщIу ягъэуват. Зауэм хэтащ танк гупым и командиру. Абыи къигъэзэжакъым. Житомир къалэм фэеплъ щыхуагъэуващ. Зубери электрикт. Абыи связисту дзэм къулыкъу щищIащ. И кIуэдыкIэ хъуам зыри щыгъуазэкъым. Iэгъурбийрэ Щыхьымбийрэ зауэм и пэкIэ лэжьащ трактористу. Iэгъурбий танкым ису зауэ гъуэгуанэ Iэджэ зэпичащ. Унэм къигъэзэжат, ауэ уIэгъэ хьэлъэ телъам куэдрэ игъэпсэуакъым. Апхуэдэ дыдэу хъуащ Щыхьымбий и гъащIэри. Ростов и Iэгъуэблагъэхэм и лъакъуитIми осколкэ куэд дыдэ къыщытехуэри, я унэ къэкIуэжа нэужьи и лъакъуэхэм гъэмахуэми щIымахуэми лъей Iувыр фIэлъу илъэс зыбжанэкIэ псэужащ. А фэбжьми ихьыжащ.

Хьудин, Зубер, Iэгъурбий, Щыхьымбий сымэ зэкъуэшт. Абыхэм я адэ Iэмырхъан щIэныгъэ иIэт, урысыбзэр фIы дыдэу ищIэрти, къуажэ Советыр и IэмыщIэ илъу зыкъомрэ лэжьащ. Абы и къуэш Мыхьэмэт Октябрь революцэми, граждан зауэми хэтащ, и щIалэгъуэр Санкт-Петербург щигъэкIуащ. Ленинир броневикым тету «мэлыжьыхь тезисхэм» къыщеджэм, абы и хъумакIуэхэм я гъусащ, РСДРП-м и япэрей съездми хэтащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым Дзэ Плъыжьым дэIэпыкъуу, бийхэм я тIасхъапIэхэр къиху тэрэ дзэм и командирхэм яжриIэу щытащ.

Мыхьэмэт и къуэш Токъан 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэтащ. Абы и письмоуэ щы къыIэрыхьащ и унагъуэм. Япэрейр къыщригъэжьар Ростовщ, етIуанэрейр Сталинградщ. Ещанэрейм итт мыпхуэдэу: «Сталинград пщэдей хуит къыдощIыж. Сэ сыуIэгъэщ. Ауэ фымыгузавэ. Частым и командир сащIащ. Сэлэт псоми къыдгуроIуэ дыщIэзауэр ди щIыналъэм, Хэку-анэм и хуитыныгъэр зэрыарар». Зауэ нэужьым хъыбару къэIуащ Токъан Брест и дежи хъыжьэу щызэуауэ, Эльбэ псым пэгъунэгъууи америкэн сэлэтхэм я гъусэу ялъэгъуауэ. Ауэ къигъэзэжакъым.

ЩоджэнцIыкIу Кушбий IэпщIэлъапщIэт автомобиль IуэхухэмкIэ. Автошколыр къиухат. Гурыхуэт, сыт хуэдэ машинэми и «щэхухэр» ищIэрт. Ауэ и IэщIагъэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпыну къыхуихуакъым. Зауэм щыIащ топгъауэу. Львов къалэм и деж уIэгъэ щыхъуу сымаджэщым зэрыщIэхуар къитхат. ИужькIэ хъыбар гуэри иIэжакъым. Сабиищ къыщIэнат. Ахэр гугъу дыдэ ехьащ. Псом хуэмыдэу я унэр мафIэм щиса лъэхъэнэм.

ЩоджэнцIыкIу Мэхьил колхозым бригадиру хэтащ. Ари фронтым дэкIа нэужь, топгъауэхэм хагъэхьат. УIэгъэ хьэлъэ хъуауэ къашэжри, я унэм щылIэжащ.

ЩоджэнцIыкIу Бэчмырзэ и бынихым я нэхъыжьыр Iэлисахьти, егъуанэ классыр къызэриухыу дзэ къулыкъум ягъэкIуащ. Танкисту ирагъаджэри, зауэм и кIыхьагъкIэ хэтащ. Берлин къалэжьым и рейхстагым пэгъунэгъуу щыташ Кантарие сымэ Совет бэракъыр унащхьэм щаIэтым. Берлин къыщыдэкIыжым и танкыр къагъэуэри, зауэ нэужьым илъэситIкIэ сымаджэщым щIэлъыжын хуей хъуащ. Абы и ужькIэ куэдрэ псэужакъым.

ЩоджэнцIыкIухэ ПIытIэ, Мартин, Iэлисахь сымэ зауэм и курыкупсэм хэтащ. Къагъэзэжакъым.

ЩоджэнцIыкIу Хьэмзэт кхъухьлъатэзехуэт. Бомбэзехьэм исащ илъэсиплIкIэ. Хэкум и дамыгъэ лъапIэхэр и куэду къигъэзэжат. Ауэ ари щIэх дыдэу дунейм ехыжащ.

ЩоджэнцIыкIу РыкIуэ мэкъумэш техникум къиухат. Зауэм дэкIри, топгъауэхэм хагъэхьащ. Ныкъуэдыкъуэ хъуауэ унэм къигъэзэжри щылIэжащ.

ЩоджэнцIыкIу Азрэталий Бахъсэн дэса узэщIакIуэ Дымхэ я пщIантIэм редакцэм и унэ щригъэщIри, «Большевик гъуэгу» газетыр къыщыдигъэкIыу щIидзат, езыри жэуап зыхь секретару щылажьэу. Зауэм дэкIри, мызэ-мытIэу лIыхъужьыгъэ зэрихьащ. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр хуэфащэу щэнейрэ ягъэлъэгъуат. Ауэ а цIэ лъапIэр къылъагъэсакъым, нэгъуэщI дамыгъэхэр куэду кърагыгъащ.

Гуузщ, акъылым къыпхуигъэтIасэркъым ЩоджэнцIыкIу Мухьэдин дохутыр жэуаплыныгъэншэхэм кърашIар. Зауэм и мафIэм хэта, мызэ-мытIэу уIэгъэ хъуа, зыбжанэрэ операцэ ящIа сэлэтыр я унэ къэкIуэжат, сабийхэм IэфIыкIэ, хьэпшып цIыкIуфэкIу зыкъом къахуихьри. КъызэIыхьэри, операцэ щIэрыщIэу ящIын хуей хъуащ. И кIуэцIым кърахыжащ лэныстэрэ бинт IэбжьыбрэI. Ауэ аргуэру бжьэхуц зыкъом кърaнащ, аращ зэрылIыкIари.

Зауэм къикIыжа нэужь, куэдрэ псэужакъым ЩоджэнцIыкIухэ Мурадин, Хьэчим, Мурид, Нэхъупщ сымэ. Нэхъупщ танкзехуэт. Фашистхэр ди республикэм щрахужым, и Iыхьлыхэр илъагъуну къыдыхьэжат и танкым ису.

ЩоджэнцIыкIухэ Хьэсэнрэ Iэдэмрэ зэкъуэшт. Хьэсэн пединститутыр къиухри, школым и унафэщIу лажьэу щIидзат. Зауэм дашри, кхъухьлъатэзехуэхэм хагъэхьащ, абы щыхэкIуадэри, Украинэм и жылагъуэхэм ящыщ зым фэеплъ сын щыхуагъэуващ.

Iэдэми егъэджакIуэу лажьэу щIидзат. Зауэм хэтащ, мызэ-мытIэу хахуагъэм и щапхъэхэр къигъэлъэгъуащ. Зауэ нэужьым адыгэ литературэм гуащIафIэу хуэлэжьащ. Куэд щыгъуазэщ Iэдэм и усыгъэхэм, повесть хьэлэмэтхэм, абы щIэблэр гъэсэным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм.

УсакIуэ цIэрыIуэу щыташ ЩоджэнцIыкIу Нурии. Ари Хэку зауэшхуэм хэтащ, зэман куэдкIэ лэжьащ егъэджакIуэу, журналисту.

ЕгъэджакIуэ… А IэщIагъэм пщIэрэ щхьэрэ яIэу ирилэжьащ си лъэпкъэгъухэу 27-рэ. Сэри абыхэм сащыщщ. КъызэрысфIэщIымкIэ, си лъэпкъ гъуэзэджэр щызгъэукIыта къэхъуакъым (Таужан и лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу кърататщ зы орден, медалу хы, щытхъу тхылъ зэмылIэужьыгъуэу 145-рэ! - *Редакцэ*).

Мэкъумэшыщ Iэ, Iэщыхъуэ, ухуакIуэ, механизатор, хадэгъэкI… Сыт хуэдэ Iуэхуми зэфIэкI хъарзынэхэр къыщагъэлъэгъуащ ЩоджэнцIыкIухэ. Хэкум и бын щыпкъэт си лъэпкъэгъухэр - ахэр лэжьащ, псэуащ щапхъэфIу, щIыхь яIэу сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэри къызэранэкIыфащ.

Хэку зауэшхуэм и гъуэгуанэ гугъухэр лIыгъэ яхэлъу зэпызычахэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIухэ Хьэмуд, Бэлэтокъуэ, Хьэмашэ, нэгъуэщI зыбжанэри - псоми я цIэхэр къысхуэщIэжыркъым. Ауэ зи гугъу сщIахэми къагъэлъагъуэ си дэлъху гъуэзэджэхэр Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу зэрыхэтар, абыхэм адыгэ нэмысыр сакъыу зэрахъумар, ди къэралыгъуэшхуэм и ТекIуэныгъэ инми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIар.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ-ВЭРЫКЪУЭ Таужан.
Шэджэм къалэ.

Адыгэхэм я деж

Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм запыщІэнымкІэ Урысейм и «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ НэкІацэ Владимир зи пашэ гуп иджыблагъэ щыІащ Йорданиемрэ Сириемрэ. Нэхъыбэу ар зыт екІухьар Урысейм и цІыхухэу хамэ къэрал щыпсэухэм я Хэкум къагъэзэжыным теухуауэ гъэ кІуам ди къэралым къыщащта Хабзэм щыгъэгъуэзэнымрэ КъуэкІыпІэ гъунэгъум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ар къагъэсэбэпыфынымкІэ щыІэ Іэмалхэр къагурыгъэІуэнымрэщ.

● Хэхэсхэр
Таабук Хъаледрэ НэкІацэ Владимиррэ.

КъБР-м икІахэр япэ щІыкІэ кІуащ Сирием. Абы щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм къекІуэлІахэр щыгъуазэ ящІащ хамэ къэралхэр псэупІэ зыхуэхъуа адыгэхэр ди щІыпІэм къиишэжыным пылъ гугъуехь щхьэхуэхэр ящыгъэпсынщІэным щІэлъэІуу КъБР-м и Правительствэм Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ тхылъкІэ зэрызахуигъэзам.

Республикэм икІа хьэщІэхэр къыщрашэкІащ адыгэ мамлюкхэм Алеппэ къалэм дащІыхьауэ щыта быдапІэм. Апхуэдэу яІущІащ зауэлІ щхьэмыгъазэхэм къатехъукІыжауэ а щІыпІэм щыпсэухэм. Абыхэм яхэтащ 1501-1517 гъэхэм Мысырымрэ Сириемрэ я сулътІану щыта Къанщауэ Гъур къытепщІыкІа етхуанэ щІэблэм ящыщ Таабук Хъалед. Ди республикэм икІа хьэщІэхэр ирихьэлІащ Сирием и Парламентым и хэхыныгъэхэр щекІуэкІым икІи икъукІэ иригушхуащ депутатхэм адыгэ цІыхубз зэрахэтым. Ар Шорэхэ яйщ и цІэр Ливинщ. Илъэс куэд лъандэрэ Къунейтрэ куейм и цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэщ.

ЛІыкІуэхэм щыгъуазэ защІащ Дамаск дэт, къудамэу блы зиІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм бзэр хъумэным теухуауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

Сирием икІри хьэщІэхэр Йорданием кІуащ. Мыбы ахэр щаІущІащ «Кавказым и ныбжьэгъухэр» фІэщыгъэм щІэту лажьэ Адыгэ Хасэ щхьэхуэм, зи лэжьыгъэр экономикэмрэ бизнесымрэ теухуам. Апхуэдэу иІэщ цІыхубзхэм адыгэ шхыныгъуэ хэргъэ хьэзырыным щыхуагъасэ, адыгэ щІалэхэр спорт зэхьэззэхуэхэм щыхуагъэхьэзыр къудамэхэр. ЯІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыухыу зыгъэзэжахэм, нобэ ахэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъуари зрагъэщІащ. Апхуэдэу яІущІащ Йорданием щыпсэу ди адыгэ хэм ящыщу къулыкъушхуэ зезыхьэхэм.

Йорданиемрэ Сириемрэ я Адыгэ ФІыщІэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лІыкІуэхэмрэ зэгурыІуахэщ хэхэсхэм ятеухуауэ Урысейм къищта унафэхэр лъэныкъуитІымкІи даІыгъыну, а унафэхэм дэщІыгъужыпхъэу къалъытэмкІэ къэлъэІуэну. Абы щыщщ къэралитІым я паспорт зэрахьэнымкІэ хуит ящІыныр, къэзыгъэзэжыну хуейхэм Урысейм къищта Хабзэм къыщыгъэлъэгъуа ди къэралым и щІыпІэ пхыдзахэр (Сыбыр, КъухьэпІэ Жыжьэ) мыхъуу къэзыгъэзэж адыгэхэм Кавказыр псэупІэу яхухэхыжыныр, лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыныр. Урысейм хамэ къэрал щыпсэу и цІыхум ехьэлІа Хабзэр къызэрищтэрэ, мыр КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щекІуэкІа япэ зэІущІэщ.

Джатауэ Ниази, НэкІацэ Владимир, Шамил Мухьэмэд, Умар Афни сымэщ. Владимир зи хьэщІэхэр Йорданым и дохутыр цІэрыІуэхэщ, щыми ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къаухащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Компьютерыр адыгэбзэкІэ тхуэгъэлэжьэнут

Лъэпкъ Іуэхум гууз-лыуз хузиІэ дэтхэнэри хущІокъу дызыхэпсэукІ лъэхъэнэм щІэуэ къежьэ технологиехэм къыдат Іэмалхэр я зыужьыныгъэм къыхуэгъэсэбэпыным. Сыт хуэдэ унэтІыныгъэри компьютеркІэ тыншу къызэрыпхуэгъэІэрыхуэм тепщІыхьмэ, ди анэдэлъхубзэми и сэбэп къызэрыхэкІынур нэрылъагъущ. Ауэ абы щхьэкІэ дызыхуэныкъуэр лъэпкъым ифІ зыхэлъ къэлъыхъуэным гулъытэ хэха хуэзыщІ ІэщІагъэлІхэрщ.

КОМПЬЮТЕРЫР адыгэбзэм хуэгъэлэжьэным япэу тегушхуауэ жыпІэ хъунущ Лъэпкъ къэрал библиотекэм автоматизацэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ **Хьэмдэхъу Анзор.** Абы зэхилъхьащ адыгэбзэр зэрызрагъащІэ компьютер программэ. Пэжщ, ар зэкІэ нэщІыса хъупакъым, ауэ Анзор и жэрдэмымрэ лъэпкъыбзэм хуиІэ гулъытэмрэ гугъэ уагъэщІ инджылызыбзэ, нэмыцэбзэ хуэдэхэр компьютерым уетІысылІэу зэрызэбгъэщІэф программэм хуэдэ ди пащхьэ кърилъхьэну. ГурыІуэгъуэщ, ар щІалэщІэм и закъуэкІэ зэфІэкІа зэрымыхъунур, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы папщІэ теориеми практикэми фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІ гуп зэхуэпшэсын хуейщ, лэжьыгъэм текІуэдэну мылъкури къэгъуэтыпхъэщ.

Іуэху тыншкъым Анзор зиужь ихьар, ауэ адыгэбзэр езыгъэджхэм дэІэпыкъуу эгъушхуэ яхуэхъуну, щІалэгъуалэм бзэр шэрыуэу зрагъэщІэнымкІэ щІэгъэкъуэн хъуну программэм и щхьэпагъыр зэрыиныр къыгуроІуэри, хузэфІэкІ ирехьэлІэ.

- Адыгэбзэр езыгъэджхэм дерсым къыщагъэсэбэпын методикэ чэнджэщхэр зэрамащІэр, нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэм ди бзэр зэрырагъащІэ программэ убзыхуа школхэм зэрыщымыІэр, нэхъыщхьэращи, щІалэгъуалэм адыгэбзэр зэрамыгъэшэрыуэрщ зэхэдубла Іуэхум щхьэусыгъуэ хуэхъуар, - жеІэ Хьэмдэхъум. - Школым щылажьэхэм езыхэм я къару зрахьэлІэ Іуэху куэд ящигъэпсынщІэнущ компьютер программэм икІи еджакІуэхэр нэхъ тыншу къыдахьэхыфынущ. ЗэкІэ дгъэхьэзырар алфавитыр зэрызрагъащІэ программэм и закъуэщ, ауэ мылъкукІэ къыддэзыІыгъынрэ къыддэІэпыкъун ІэщІагъэлІрэ (филолог) къыкъуэкІмэ, нэгъуэщІ куэдми зетпщытынущ.

Урысейм хиубыдэ лъэпкъ цІыкІухэм ящыщу мащІэ дыдэщ мыпхуэдэ программэ зиІэр. Ауэ тэтэрхэм яхузэфІэкІащ ар зэхалъхьэну: адрей республикэхэм нэхърэ нэхъ къулейуэ арами, лъэпкъ зэхэщІыкІыр щынэхъ лъагэу арами хэт ищІэрэ.

Хьэмдэхъур зи жэрдэмщІакІуэ программэр хуабжьу гъэщІэгъуэнщ: хьэрфыр зэратхыр уегъэлъагъу, ар зихуэдэмрэ зыхэт псалъэхэмрэ макъкІэ къыбжеІэ. «Электроннэ егъэджакІуэм» и гъусэу хьэрфхэр зэрызэбгъэщІар къызэрыппщытэж тест лэжьыгъэхэр щІыгъущи, дерсым узэрыпэлъэщам елъытауэ оценкэ пхуегъэувыж. Фонетикэр зэбгъэщІэн ипэ къихуэу адыгэ лъэпкъым теухуа хъыбархэр, ижь-ижьыж лъандэрэ и къекІуэкІыкІар, нобэ иІэ псэукІэр, бзэм ехьэлІа гурыІуэныгъэхэр хэтщ программэм, видеоролики щІыгъущ.

Бзэ щІэныгъэм и зы Іыхьэр - фонетикэр - ІупщІу зэрыт, адыгэ хьэрфхэр тыншу зэрызэбгъэщІэф программэр щызэхилъхьэфакІэ, щІэгъэкъуэн игъуэтмэ, Анзор нэхъыбэми зэрыпэлъэщынум шэч хэлъкъым.

- Лъэпкъым и зыужьыныгъэм си гуащІэ хэслъхьэныр си хъуэпсапІэщ, - къыпещэ Анзор. - Дызэлэжьын хуей Іуэхумрэ текІуэдэну пщІэмрэ къыдат къудеймэ, ди къару деблэжынукъым. Сэ сызэреплъымкІэ, компьютер Іэмалхэр къэбгъэсэбэпу уи Іуэху дэбгъэкІыныр икъукІэ Іуэху щхьэпэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, псоми зэрытщІэщи, сабий садым кІуэ цІыкІухэм я деж щегъэжьауэ щІалэгъуалэр зыхуеплъэкІыр аращ, тхылъхэр Іэщіыб ящІу хуежьащ. Сабий гъэсапІэм екІуалІэ цІыкІухэм папщІэ сурэт гъэщІэгъуэнхэр хэту, джэгукІэ жыпхъэм изагъэу программэ лъэщ пхузэхэлъхьэнущ. Мыдрейуэ школым зэрыщрагъаджэ сыт хуэдэ программэри зэхэлъхьэным гугъущэ дыдехьынукъым. ЗэкІэ ди къару закъуэкІэ дгъэхьэзырыфар фонетикэращ, ауэ морфологиери, синтаксисри, лексикэри зэхэплъхьэфынущ; сызэрегупсысымкІэ, псалъалъи пхуигъэзэгъэнущ.

Ахэр мурад къудейуэ аращ, къыдэхъулІэн папщІэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и дэІэпыкъуныгъэ дыхуейщ. Абыхэми мызэ-мытІэу захуэзгъэзащ, ауэ зэкІэ жэуапыншэщ. Си гугъэмкІэ, лъэпкъым и зыужьыныгъэм, бзэр хъума хъуным сэбэп хуэхъунут едгъэжьа Іуэхур зэрыІэмал гъуэзэджэр республикэм и унафэщІхэм къагурыІуамэ.

Дэ тхуэзэфІэкІынур араща, Интернетым сайт щхьэхуэ къыщызэдгъэпэщу ди программэр итлъ хьэну ди мурадщ, зигу дыхьэм къигъэсэбэпыфын хуэдэу.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, мы программэм сыщелэжьым къыздэІэпыкъуахэр. Диктор Пщыгъуэтыж Алий хьэрфхэр, псалъэхэр гъэІунымкІэ, си ныбжьэгъу Джэрыджэ Аслъэн макъхэр къабзэу егъэтхынымкІэ къыздэІэпыкъуахэщ. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Абазэ Албэч филологие и лъэныкъуэкІэ тхухэплъэжащ дгъэхьэзыра программэм. Къущхьэ Оксанэ зи унафэщІ «Каракан» фирмэм щедгъэтхауэ арати, пщІэ зэрытІимыхам щхьэкІэ, абыи фІыщІэ хузощІ.

Апхуэдэ лэжьыгъэр къезыхьэжьа щІалэми, абы къыдэІэпыкъуахэми яхузэфІэкІынур зэрынэхъыбэр шэч къызытумыхьэжынщ. Ауэ Анзор зэрыжиІащи, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэрауэ къыщІэкІынщ мы Іуэхур нэхъ зытегъэщІауэ щытыпхъэр. Хьэмдэхъум и зэфІэкІыр зэкІэ мащІэми, гупсысэ и куэдщ, лэжьэн гуп къыхузэрагъэпэщрэ текІуэдэну мылъкур хухахмэ.

Адыгэбзэр джынымкІэ компьютер программэ диІэныр лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэтч лъэбакъуэщ, уеблэмэ ар Іэмалыншэщ ди анэдэлъхубзэр хъума хъунунымкІэ, къытщІэхъуэ щІэблэм яІурылъынымкІэ, хамэ къэрал щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм ящымыгъупщэжынымкІэ. Абыхэм я Іуэхуми егупсысащ Анзор икІи хуей къыкъуэкІмэ, тыркубзэкІэ, хьэрыпыбзэкІэ зэдзэкІыжауэ адыгэбзэр зэрызрагъэщІэн программэ щхьэхуэ гъэхьэзырыным иужь зэрихьэфынури жиІащ.

Нобэ зи лъэпкъыбзэр джыныр къызэгугъуэкІ щІалэгъуалэм зи гугъу тщІы программэм хуэдэ зытет диск я унагъуэхэм щІэлъмэ, компьютер Іэмалхэр къагъэсэбэпкІэрэ школым щІэсхэр ирагъаджэмэ, ди Іуэхур зэрыкІуэтэнур хьэкъщ. «Зэманым декІур лІыфІщ» - жиІэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Къэрал куэдым сэбэпынагъышхуэ къызыпах иджырей технологиехэр адыгэхэми къэдгъэсэбэпрэ компьютерыр адыгэбзэкІэ «къэдгъэпсалъэмэ» ди Іуэхур ефІэкІуэнт.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

P.S. *Зи гугъу тщІа Іуэхур зыфІэгъэщІэгъуэнхэм, Хьэмдэхъу Анзор дэлэжьэну, дэІэпыкъуну жэрдэм зиІэхэм папщІэ тыдодзэ абы и Интернет адресымрэ телефонымрэ: work 351@yandex.ru 44-13-19 (унэй).*

● Хъуэхъу

ЩІэныгъэм и щыгум унэсыну

Къардэн Мадинэ Хьэбил и пхъум Урысей къэрал медицинэ университетым иджыблагъэ ехъулІэныгъэкІэ щыпхигъэкІащ и кандидат диссертацэр икІи медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр къыфІащащ.

Мадинэ дигуми ди псэми къыбгъэдэкІыу дохъуэхъу, ар иужьрей мыхъуу, адэкІи цІыхухэм яфІ зыпылъ къэхутэныгъэ куэд зэфІихыну. Адыгэ пщащэм и мурад дахэхэр, гурылъ ІэфІхэр къехъулІэну, фІыуэ илъагъу ІэщІагъэм гукъыдэж къриту куэдрэ ирилэжьэну, и зэфІэкІхэм хигъахъуэурэ щІэныгъэм и щыгум нэсыну.

И Іыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр.

●Щэнхабзэ

Урысейм и макъ тельыджэхэр

Гъуазджэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ институтым иджыблагъэ щыІащ Урысей псом и щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щекІуэкІа Пасхальнэ фестивалым и зы Іыхьэр. Налшык къэкІуат Санкт-Петербург дэт Мариинскэ театрым и академием и егъэджакІуэхэмрэ и гъэсэнхэмрэ.

КОНЦЕРТЫМ и пэ къихуэу хьэщІэхэр республикэм и журналистхэм яхуэзащ. ЗэІущІэр къызэІуихащ еджапІэм и проректор **Ащхъуэт Беслъэн.** Театрышхуэм и лэжьыгъэм, къикІуа гъуэгуанэм кІэщІу тепсэлъыхьа иужь, абы псалъэ иритащ Гергиев Валерий и шыпхъу, Урысейм щІыхь зиІэ и артисткэ, Мариинскэ театрым и уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэм я академием и художественнэ унафэщІ **Гергиевэ Ларисэ.**

- «Пасхальнэ фестивалкІэ» дызэджэр къызэрызэдгъэпэщрэ илъэсий хъуащ, - жиІащ Ларисэ. - А зэманым кърихубыдэу Москва, Поволжье, Пермь, Челябинск, Владивосток, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми дыщыІащ, ди зэфІэкІри щыдгъэлъэгъуащ. ИкІи, тІэкІу дызыщытхъужынщи, псоми ягу дыдыхьащ. Хамэ къэралу дыздэщымыІа гъуэтыгъуейщ, сэ къызэзгъэпэща уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэм я академием сыщІыгъуу. УэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэу Варшавэ щекІуэкІам къэрали 120-м къикІахэр хэтати, увыпІэ нэхъыщхьэ псори дэ къэтхьащ.

Апхуэдэуи Ларисэ тепсэлъыхьащ зэдэлъхузэшыпхъур къыщыхъуа Осетием и щэнхабзэ, гъуазджэ ІуэхущІапІэхэм Валерий гулъытэ хэха зэрыхуищІым, абыхэм я Іуэхухэр дэгъэкІыным сытым дежи зэрыпылъым. Абы къыдэкІуэу, сабий зэчиифІэхэр утыкушхуэм ишэным, Урысейм и еджапІэ зэхуэмыдэхэм щегъэджэным и лъэныкъуэкІэ, Гергиевхэм яхузэфІэкІ къагъанэркъым.

- Дэ дыщыІащ Владикавказ къалэм, Налшык иужькІэ Минвод, Георгиевск дыкІуэну ди мурадщ. Зы псалъэкІэ жыпІэмэ, псэхугъуэм депщІыхьыркъым, сыт и лъэныкъуэкІи цІыхухэм я дэрэжэгъуэр къэтІэтыну, гъуазджэ нэсыр абыхэм зыхедгъэщІэну дыхьэзырщ, - жиІащ Ларисэ.

Журналистхэмрэ хьэщІэхэмрэ зэпсэлъа иужь, псори зэжьа концертым щІидзащ. Зы тІысыпІэ нэщІ зимыІэ залышхуэм щІэсхэр умэзэхауэ едэІуащ Макаровэ Аннэ, Воропаев Дмитрий, Калагинэ Анастасие, Марков Алексей сымэ, нэгъуэщІхэми ягъэзэщІа уэрэдхэмрэ ариехэмрэ.

СОКЪУР Жамболэт.

●Футбол

Австрием къапоплъэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и командэ къыхэхар, зи ныбжьыр илъэс 19 иримыкъуахэр зыхэтыр, Европэм и чемпионатым и кІэух зэпеуэм щыджэгуну хуитыныгъэ къихьащ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ ахэр Голландием дэджэгуащ икІи зэІущІэр 0:0-у зэриухам и фІыгъэкІэ Европэм и чемпион цІэм щІэбэныну Іэмал ягъуэтащ. КІэух зэпеуэр бадзэуэгъуэм (июлым) и 16-м щегъэжьауэ 27 пщІондэ Австрием щекІуэкІынущ. Дыщыгугъынщ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Балэ Руслан мыхьэнэшхуэ зиІэ а зэхьэзэхуэ эми ирагъэблэгъэну.

Рикардэ и топыр нэхъыфІхэм хабжэ

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Рикардэ Хесус «Сатурным» худигъэкІа топыр джэгугъуэ блэкІам и нэхъ дахэхэм ящыщу «Спорт» каналым къилъытащ.

ДИ КОМАНДЭМ мы гъэм и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкІар топитху къудейщ. Абыхэм ящыщу щыр зейр Рикардэщ.

Бжыгъэ зэщхьхэр

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм мы гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и Іыхьэ щанэр зэфІэкІащ.

ДЖЭГУГЪУИПЩІЫМ яужькІэ очкоипщІ иІэу иджыпсту «Спартак-Налшыкым» епщІанэ увыпІэр иІыгъщ. Абы щыгъуэми и гъуэм топипщІ къыдагъэкІащ.

Нэгъабэ а лъэхъэнэ дыдэм ди Іуэхухэр хэпщІыкІыу нэхъыфІащ - абы щыгъуэм очко 18 яІэу налшыкдэсхэм етІуанэ увыпІэр яІыгъащ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Іуэху зехьэкІэщІэхэмкІэ зэдогуашэ

● Школ хъыбархэр

Шэрэдж куейм хыхьэ курыт еджапІэ 12 жыджэру зыхэта семинар иджыблагъэ щекІуэкІащ Къэщкъэтау жылэм дэт курыт школым.

«ЕДЖАКІУЭХЭМ яІэ къэхутэныгъэ зэфІэкІхэр дерсхэм щыгъэнэхуэн» темэр иІэу къызэрагъэпэща зэхуэсым зыкърагъэхьэлІащ куейм ит еджапІэхэм я унафэщІхэм, егъэджакІуэ пашэхэм. Абы кърагъэблэгъащ ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ республикэ институтым и методист Цумай ФатІимэ, егъэджэныгъэмкІэ Шэрэдж куей управленэм и ІэщІагъэлІ Залиханов Магомед.

Семинарым и кІуэцІкІэ ІэщІагъэлІхэр зэдэгуэшащ егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп Іуэху зехьэкІэ пашэхэмкІэ. Апхуэдэу ахэр щІэсащ урок зэІухахэм, классщІыб лэжьыгъэу еджапІэм щекІуэкІхэри зрагъэлъэгъуащ. ЗэІущІэм хэта дэтхэнэм и дежкІи ар хъуащ лэжьэкІэщІэм и къигъэхъуапІэ хьэлэмэт.

КІУАЩ Хьэутий.

Ефэнды Анжелэ есэпымкІэ ита урок зэІухар купщІафІэт.

Театрым и лъахэ

«ТЕАТРЫР лъэпкъым и зыужьыныгъэр къызэрыщ гъуджэщ, академиехэм, университетхэм, музейхэм хуэдэу», - жиІэгъащ Островский Александр. Мы псалъэ Іущхэр я гъуазэу Налшык дэт «Дадий» пэщІэдзэ школ-сабий сад №64-нэм зэІущІэ щекІуэкІащ.

«Театрым и лъахэ» зыфІаща зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум теухуауэ. НШДС-м и унафэщІ Егъэн Ритэ зи пашэ егъэджакІуэ, гъэсакІуэ гупым ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэмкІэ къапщытэжащ Адыгэ драмэ театрым къикІуа гъуэгуанэр. ЦІыкІухэр къеджащ Хэкум теухуа усэхэм, уэрэд жаІащ, езыхэр щыджэгу театр теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ.

Мы зэІущІэм ирагъэблэгъат Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Мысостышхуэ Пщызэбий. Ар тепсэлъыхьащ Адыгэ театрыр лъэ быдэкІэ гъэувыныр зи гуащІэ къыдэкІа цІыху щэджащэхэм, театрым цІыхум и гъащІэм щиубыд мыхьэнэм. ГуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и депутатхэу Пащты Борис, Шал Любэ, тхакІуэ, журналист цІэрыІуэ Жылэтеж Сэлэдин, КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и Советым и лІыкІуэ Уэлджыр Татьянэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

●ФІыщІэ
Хьэтау хуабжьу хуэарэзыщ апхуэдизу къелІэлІа хирург Байчоровым.

Узыр ІэкІэ щхьэщахыу

Си тхыгъэ кІэщІым зи гугъу щыфхуэсщІыну дохутырыр а ІэщІагъэм къыхуалъхуауэ жыхуаІэ зырызхэм ящыщщ. Абы Іэзагъышхуэ бгъэдэлъщ, ІэкІуэлъакІуэщ, цІыху жумартщ.

ПСЭ ЗЭПЫЛЪХЬЭПІЭ щытыкІэм иджыблагъэ ихуат си адэ Ажагъуей Хьэтау. ТхьэмщІыгъу узыр къэхьеяти, егъэлеяуэ къеныкъуэкъурт. Шэджэм куей сымаджэщым пІащІэгъуэкІэ нэтшэса си адэр абы ирихьэлІэу хьэлъэ дыдэ хъуат. Абы щыгъуэ хирургие къудамэм и унафэщІ къалэнхэр зыгъэзэщІа дохутыр Іэзэ Байчоров Борис занщІэу къихутащ сымаджэр къыхэзыгъэзыхь узыфэр икІи унафэ ищІащ ар операцэ щІын хуейуэ. НапІэзыпІэм абы гъусэ къыхуэхъуащ дохутыр ІэкІуэлъакІуэхэу ДыщэкІымрэ КІэдыкІуеймрэ икІи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Іуэхум яужь ихьащ.

Байчоровми и гъусэхэми лъэкІ къагъэнакъым си адэр лъэ быдэкІэ къэувыжын папщІэ. Иджы мис, Тхьэм и шыкуркІэ, илъэс 80 зи ныбжь си адэр жыджэр къэхъужащ.

ФІыщІэшхуэ хузощІ зи Іэпэ щабагъымрэ зэфІэкІ инымкІэ республикэ псом щыцІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр, Гиппократ и цІэкІэ ягъэува орденыр зыхуагъэфэща, категорие лъагэ зыбгъэдэлъ хирург Іэзэ Байчоров Борис. Апхуэдэу я ІэщІагъэм гукъыдэж къриту куэдрэ ирилэжьэну сохъуэхъу гугъу зыкъыддезыгъэхьа адрей ІэщІагъэлІхэм, медсестра цІыкІухэм.

КІЭДЫКІУЕЙ Муслъимэт.

●Псы есын

Япэ ехъулІэныгъэхэр

Накъыгъэм и 6-м «Синдикэ» спорт клубым япэ дыдэу КъБР-м щригъэкІуэкІащ псы есынымкІэ зэхьэзэхуэ. 115-нэ кавдивизэм и зауэлІхэм я фэеплъу къызэрагъэпэща мы зэпеуэм хэтащ зи ныбжьыр илъэси 6-м къыщыщІэдзауэ илъэс 17-м нэс щІалэ цІыкІухэмрэ хъыджэбз цІыкІухэмрэ - псори спортсмени 120-рэ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭР щІэбэнащ медаль лІэужьыгъуиплІым.

- Ди спорт клубыр тренер нэхъыжь Теппер Владимиррэ сэрэ нэгъабэ щэкІуэгъуэ мазэм къызэдгъэпэщауэ щытащ. А зэманым къриубыдэу ди ехъулІэныгъэхэм я гугъу пщІымэ, нэхъыщхьэр иджыблагъэ псы есынымкІэ Пятигорск щекІуэкІа зэхьэзэхуэм медаль 14 къызэрыщытхьаращ. Дэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжахэм ящыщщ щІалэгъуалэр спортым дегъэхьэхыным, я узыншагъэм гулъытэ хуэтщІыным я мызакъуэу, атІэ КъБР-м псы есын спорт лІэужьыгъуэм зыщегъэужьыныр, спортсмен цІэрыІуэхэр дгъэхьэзырыныр. АбыкІэ «Олимпийский» спорт комплексым и унафэщІхэри сэбэпышхуэ къытхуохъу. ЗэгурыІуэныгъэ етщІылІащ Мэзкуу дэт Олимп резервым и спортсменхэр щагъэхьэзыр центрым. Нобэ къетхьэжьа Іуэхугъуэр дэ япэу едгъэкІуэкІыу щытми, Кавказ Ищхъэрэм хабзэ хъуауэ илъэс къэс ирагъэкІуэкІ. Ди гуапэт ди щІэблэщІэ къыдэкІуэтейр ди лъэужьым ирикІуэмэ, ди лэжьыгъэм пащэмэ, - жиІащ «Синдикэ» спорт клубым и унафэщІ Попов Степан.

Зэхьэзэхуэр екІуэкІащ псы есыкІэ лІэужьыгъуи 4-кІэ икІи зыхэта зэхьэзэхуэ гупхэм къахэжаныкІащ Атэлыкъ Руслан, Іэпыч Іэдэм, Плеткинэ Алинэ, КІуащ Янэ, Назаркин Стас, Кравцов Михаил, Евдокимовэ Сашэ, Шульженкэ Ярослав сымэ.

ТекІуахэм щІыхь тхылъхэр, саугъэтхэр иратащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

И концертым фрегъэблагъэ

● Гу зылъытапхъэ

Накъыгъэм и 25-м Музыкэ театрым щекІуэкІынущ абы и солисткэ Космэнкэ Ларисэ и бенефис.

Апхуэдэу концертым хэтынущ ди республикэм и артист цІэрыІуэхэр.

ЩыщІидзэнур сыхьэтыр 19-рщ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ: 77-42-08, 77-42-02.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущІо Зариф, Жыласэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Ныбэжь Таисэ, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту яхтащ.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымм и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр - 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ГъущІо Зариф, корректорхэу Табыщ Динарэ (2,4-нэ нап.), ПхытІыкІ Юрэ (1,3-нэ нап), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Къунаш Залинэ *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Щомахуэ Мариннэ, ЩакІуэ Мадинэ, *сурэтыщІ* Маковеевэ Иринэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.289 ● Заказ №1506